Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэуващ республикэм и Іэтащхьэм и саугъэтыр

КІуэкІуэ Казбек Іэ щІидзащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и саугъэтыр щІэныгъэмрэ инновацэхэмрэ я Іэнатіэм ехъулІэныгъэхэр къыщызыха лэжьакІуэ ныбжьыщІэхэм етыным теухуауэ» указым.

АБЫ зэрыщыубзыхуамкІэ, щІыналъэм и Іэтащхьэм и саугъэитку илъэс къэ ираты нуц щІэныгъэ, щІэныгъэ-техникэ лэжьыгъэхэр езыгъэкІыжкІ щІэныгъэлІ, Іэщ Іагъэлі ныбжьыщІэхэм, абыхэм я щІэныгъэ къэхутэныгъэхэмкІэ естественнэ, техникэ, гуманитарнэ щІэныгъэхэм зегъэужьыным, техникэщІэхэр зэпкрылъхьэнымрэ тенологиещІэхэр къэгъэсэбэпынымрэ хэлъхьэныгъэшхуэ хуащІамэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и экономикэмрэ социальнэ Іэнатіэмрэ щІэм тету заужьынымкІэ ахэр хэпщІыкІыу сэбэп хузэхуаемэ. Дэтхэнэ саугъэтри сом 100 000 мэхъу.

ЩІэныгъэлІ, Іэщ Іагъэлі ныбжьыщІэхэм защІэзэкъуэным, ахэр щІэныгъэ-къэхутэныгъэ Іуэхуэм нэхъ жыдэжру кІыхээша хъун папщІэ а лэжьыгъэм тегъэгушхуэным ехьэлІа Іуэхуэм щытепсэлъыхьауэ щытащ Кавказ Ищхъэрэм и «Мэшыкъуэ-2020 щІалэгъуалэ форумым и IX зэхыхьэгъуэм ди республикэм щыщу хэт ныбжьыщІэхэм, илъэс блэкІаХэм а форумым и грантхэр къэзыхьахэм КІуэкІуэ Казбек шыщхьэуІу маззм щаІущІам щыгъуэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и саугъэт ягъэувар 2021 гъэм кІыщыщІэдзауэ ятынущ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

«Газпром»-мрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ Іэ традзащ 2021 - 2025 гъэхэм ятещІыхьа программэм

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбекрэ «Газпром» ПАО-м и Правленэм и Унафэщ Миллер Алексейрэ Іэ традзащ ди щІыналъэр 2021 - 2025 гъэхэм газкІэ къызэгъэпэщынымрэ газыр республикэм тегъэшэныкрэ зегъэужьыным теухуа программэм.

ДЭФТЭРЫМ къызэрыщыгъэлъэгъуамкІэ, компаниемкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым газыр зэрытрагуашэ станцибгъум техникэ и лъэныкъуэкІэ зэхъуэкІыныгъэхэр щІигъэкІыжынущ, зыхуэфащэхэр зэригъэпэщыжынущ икІи газ зэрыкІуэ бжьамий зэпыщІахэр щаиукъуэдиинущ. Абы Іэмал кІытынущ Дзэлыкъуэ, Лэскэн, Май, Прохладнэ, Шэджэм щІыналъэхэм, апхуэдэуи Налшык къалэм газу хуаутІыпщыр нэхъыбэ щІыныкмкІэ.

КъимыдэкІэ, Іуащхьэмахуэ щІыналъэм щыІэ комбинатым хуэкІуэу газ бжьамий укъуэдииным теухуа Іуэхури къыщыдгъэтащ абы.

КомпаниемкІэ къызэриатакІэ, 2020 гъэм щІышылэм и 1-м ирихьэлІэу щІыналъэм и щыпІэхэм я процент 96,8-м газыр бжьамийкІэ яІэрохьэ, абы щыщу кІалэхэр процент 98-кІэ, кІуаужхэхэм я процент 95,2-р гъэсыныпхъэ щхьэуантІэкІэ къызэгъэпэщащ.

ИльэситхуэмкІэ тещІыхьа программэм къыщыгъэлъэгъуахэр зэфІагъэкІэж, 2026 гъэм ирихьэлІэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэр газкІэ нэсу къызэгъэпэща хъунущ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэр Езым фІэфІу жылагъуэ, бэм яфІ зыхэлъ Іуэхухэм хэтым и дунейпсо махуэм и пэ къихуэу Яіущ Іащ узыфэ зэрыщ Іалэм зыщ ыубгъу лъэхъэнэм щ Іэгъэкъуэн яхуэхъуа волонтёрхэм

Езым фІэфІу жылагъуэ, бэм яфІ зыхэлъ Іуэхухэм хэтым и дунейпсо махуэм и пэ къихуэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек епсэлъащ республикэм щыщ волонтёрхэу «#Мывместе» зыфІаща Урысейпсо акцэм жыджэру хэтахэм.

«ЦІЫХУХЭМ ядэІэпыкъуныр зи псэм хэлъ фэри, Къэбэрдей-Балъкъэрым и адрей волонтёрхэми, республикэм щыпсэу псоми си гум къыбгъэдэкІыу сыныбохъуэхъу махуэшхуэмкІэ - Волонтёрым и махуэмкІэ!» - жиІащ КІуэкІуэ К. В.

ЩІыналъэм и Унафэщ Іым дэтхэнэ зыми фІыщІэшхуэ хуищІащ, Іуэхуфіхэм я зэхэубланІуэу зэрыщытым, я псэм и кьабзагъэм, дэІэпыкъуэгъу хуэныкъуэм зыщІагъэкъуэну зэрыхьэзырым, дунейр нэхъыфІ щІыным зэрыхуэлажьэм папщІэ.

«Волонтёрхэр я Іэщ Іагъэкі и, ныбжькІи, къызыхэкІакІи зэмыщхьми, ахэр зэкъуеГъувэ щІыхум дэІэпыкъуныр я кІалэну къызэрыгъэтэжым, социальнэ жэуапІныныгъэ зэрахэлъым, щІэгъэкъуэн хуэныкъуэм сэбэп хуэхъуну зэрыхьэзырым икІи а кІалэныр Іуэхущ Іэныкъуэм сэбэп хуэхъуну зэрыхьэзырым ЩІыгъуэ гугъу ихуар абы къишынымі, щІыхухэм яхуэщхьэпэн папщІи езыхэм шынагъэ къащхьащхьэнкІэ зэрыхъуными елпыІыркъым», - къыхигъэщащ КІуэкІуэ Казбек.

Абы и щІыхьэгъэ КъБР-м и Іэтащхьэм къихьащ 2020 гъэр. Пандемиер псом я дежкІи икъукІэ гъэунэхуІэшхуэу щытащ, абы жылагъуэр иригъэувэлІащ зэкъуэуэвэным икІи щытыкІэ гугъум къикІын папщІэ къызэрэгъэпэщынигъэ Іуэху куэдым зрапщытын хуей хъуащ, щІыху къару, мылъку куэд къызэщІэгъэуІуэну къиригъэуващ.

Дохутырхэмрэ эпидемиологхэмрэ ящІыгъуу, республикэм и волонтёр зэщІэхъеенигъэм хэтхэм гугъуехьышхуэхэр ятещІащ зэрыщІалэм республикэм зыщыщыубгъуа Іыхъэзэнэм. «Фэ дыкъэдгъэщІыжъкъым, фызэкъуэузыри къыпхуэмылытэжьащ хуэдизу мыкъэнэ зиІэ Іэжьыгъэшхуэу зэрэфІэгъэкІащ, ноби а Іэжьыгъэм фыпрытщ», - къыхигъэщхьэхуІащ КІуэкІуэ К. В.

«Жылагъуэм игъэлъапІэу щытахэм коронавирусым нэгъуэщІынкІэ дригъэпІыжжауэ жаІэ. СызэзыригъэмкІэ, абы нэхъри наІуэ къишІащ Урысейм и лъэпкъхэм лІэщІыгъуэ бжьигъэ хъуауэ кьадекІуэкІ хабзэхэр. Гумащ Іагъэр, зыр адрейм дэІэпыкъуныр, уи Іыхьлымкіэ жэуап зэрыпхьар, зызэхэщІыкІынымрэ сыт зэмани ди нэхъыжьхэм щІэгъэкъуэн яхуэхъуу щытащ гугъуехьэм япэлъэщынымкІэ, а фІыгъуэхэрщ ди жылагъуэм ноби и лъабжьэр. ИкъукІэ узыщыгуфІыкІщ а псори ди щІалэгъуалэм зэрадэтлъагъур», - къыхигъэбелджьылыкІащ КЪБР-м и Іэтащхьэм.

Республикэм щыщ куэд я унэхэм щІэсын хуей хъуащ, узыфэм зыщ ахьыжьмэн папщІэ, къыщІигъуащ КІуэкІуэ Казбек. Ахэр къыхэха хъуат зэса псэуХІэм икІи адрейхэм я дэІэпыкъуэгъу хуэхэпкІын. Волонтёр зэщІэхъеенигъэ зэмылІэужьыгъуэхэм хэтхэм я къару ирахьэлІащ щІэгъэкъуэн хуэныкъуэхэм ядэІэпыкъунымкІэ, жыджэру хыхьащ «#Мывместе» Урысейпсо акцэм, зи ныбжь хэкІуэтахэм, зи щхьэ Іуэху зыхуэземыхуэжхэм, медицинэ лэжьакІуэхэм я гулыитэ лъагъэсын папщІэ.

Акцэм хыхьэу зыщІагъэкъуащ республикэм щыщу зи закъуэу псэухэм, хуэмыщІа унагъуэхэм щыщхэу дэІэпыкъуныгъэ нэхъ хуэныкъуэхэм - волонтёрхэм абыхэм хуахьащ ерыскъыпхъэ зэмылІэужьыгъуэхэр зыхэлъ хъуржьину миницрэ ныкъуэм щІигъу. Мы зэманми апхуэдэ гупытэ хуащІ зи ныбжь хэкІуэтахэм, зыпІыжьын зимыІэхэм. Псори зэхэту псапащІэ Іуэхуэм кьыхьащ цыху 650-м щІигъу.

Гумащ Іагъэм и щапхъэ нэс, КЪБР-м и Іэтащхьэм къызэрыпытэмкІэ, кьагъэлъэгъуащ медицинэ лэжьакІуэхэм. Абыхэм ящыщу 70 мы зэманым щолажьэ госпиталхэм я «щІыпІэ пльыхь» жьыуаІэхэм, 120-рэ поликлиникэхэм кьыщызэрагъэпэща «щІыпІэ удзыфэм» щыІэщ.

«Республикэм и волонтёрхэм я бжьгъэм кьыхохьуэ. А зэщІэхъеенигъэм хэтхэр мы зэманым мин 30-м ноблагъэ, миниблым щІигъум зрагъэтхауэ псапащІэ Іуэхуэхэр зэпымыууэ ирагъэкІыжкІ.

Пандемием ебэныным иджыпсту нэхъ щыізэкъуэувами, волонтёрхэм я лжьыгъэр унэтІыныгъэ куэдым хуэгъэпсащ. Шэч кьытесхэркъым ди республикэм щІыуэпсыр хъуныным, социальнэ Іэнатіэм а зэщІэхъеенигъэм зэрызыщыубгъужыну, волонтёрхэм я дэІэпыкъуныгъэ дыхуэныкъуэнущ махуэшхуэхэм, щэнхабзэ, спорт Іуэхушхуэхэр кьыщызэдгъэпэщкІи.

Апхуэдэу щытми, нобэ фэ зэфІэзэгъжІ лэжьыгъэрщ нэхъыщхьэр - ар цІыху гъащІэм, узынщагъэм, зэІуэзэпэщагъэм ехьэлІаци. Фи къару фемыблэжу фызэрылажьэм щхьэжІэ пщІэшхуэ фхуэфащэщ, фэркІэ догушхуэ икІи ар гулъытэншэу кІыгъанэркъым Урысей Федерацэм и Президентми», - къыхигъэщащ КІуэкІуэ Казбек.

«#Мывместе» Урысейпсо псапащІэ акцэр къызэрэзэпэщыным хуащІа хэлъхьэныгъэшхуэм хэтхэм гугъуехьышхуэхэр ятещІащ зэрыщІалэм республикэм зыщыщыубгъуа Іыхъэзэнэм. «Фэ дыкъэдгъэщІыжъкъым, фызэкъуэузыри къыпхуэмылытэжьащ хуэдизу мыкъэнэ зиІэ Іэжьыгъэшхуэу зэфІэзэгъжІащ, нобэми а Іэжьыгъэм фыпрытщ», - къыхигъэщхьэхуІащ КІуэкІуэ К. В.

«Жылагъуэм игъэлъапІэу щытахэм коронавирусым нэгъуэщІынкІэ дригъэпІыжжауэ жаІэ. СызэзыригъэмкІэ, абы нэхъри наІуэ къишІащ Урысейм и лъэпкъхэм лІэщІыгъуэ бжьигъэ хъуауэ кьадекІуэкІ хабзэхэр. Гумащ Іагъэр, зыр адрейм дэІэпыкъуныр, уи Іыхьлымкіэ жэуап зэрыпхьар, зызэхэщІыкІынымрэ сыт зэмани ди нэхъыжьхэм щІэгъэкъуэн яхуэхъуу щытащ гугъуехьэм япэлъэщынымкІэ, а фІыгъуэхэрщ ди жылагъуэм ноби и лъабжьэр. ИкъукІэ узыщыгуфІыкІщ а псори ди щІалэгъуалэм зэрадэтлъагъур», - къыхигъэбелджьылыкІащ КЪБР-м и Іэтащхьэм.

Республикэм щыщ куэд я унэхэм щІэсын хуей хъуащ, узыфэм зыщахьэмэн папщІэ, къыщІигъуащ КІуэкІуэ Казбек. Ахэр къыхэха хъуат зэса псэуХІэм икІи адрейхэм я дэІэпыкъуэгъу хуэхэпкІын. Волонтёр зэщІэхъеенигъэ зэмылІэужьыгъуэхэм хэтхэм я къару ирахьэлІащ щІэгъэкъуэн хуэныкъуэхэм ядэІэпыкъунымкІэ, жыджэру хыхьащ «#Мывместе» Урысейпсо акцэм, зи ныбжь хэкІуэтахэм, зи щхьэ Іуэху зыхуэземыхуэжхэм, медицинэ лэжьакІуэхэм я гулыитэ лъагъэсын папщІэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№145 (24.115) ● 2020 гъэм дыгъэгъаазэм (декабрым) и 5, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КІуэкІуэ Казбек видеоконференц мардэм тету дыгъэгъаазэм и 2-м епсэлъащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ Іыналъэхэм, кІалэ округхэм я администрацэхэм я унафэщІхэм. ЗэІущІэм хэтащ КъБР-м и Премьер-министр Мусуков А. Т І., КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ І Къуэдзокъуэ М. М., КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Іым и къуэдзэ Хъубий М. Б., КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэуп Іэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министр Бэрбэч А. Хь., КъБР-м транспортымрэ гъэсэгъэ-вэмкІэ и министр Дыщэкі А. З.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ республикэм и муниципальнэ щІыналъэхэмрэ кІалэ округхэмрэ щрагъэкІуэкІ ухуэныгъэхэр и кІэм нагъэсу лажьэу утІыпщІыным ехьэлІа Іуэхуэм, апхуэдэуи лъэпкъ проектхэр ГъэзэщІа зэрыхъум.

ЗэІущІэм хэтхэм захуиГъаззэри, КІуэкІуэ Казбек жиІащ ухуэныгъэхэр и чэзум зэфІэгъэкІыным, лжьыгъэхэм я фІагъым набдзэнубдзапІъэу кІэлъыпІъным мыхьэнэшхуэ зэриІэр.

ЩІыналъэм и Унафэщым къыхигъэщащ илъэс дызэрытым лэжьыгъэ куэд зэрызэфІагъэкІар. Республикэм Ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министерствэр и закъуэ ухуэныгъэщІэну 50-м елэжьащ. Щэнхабзэм и Іуэхущ Іапі э 19 сыт и Іэныкъуэкіи зыхуэй хуэзэу зэрагъэпэщыжащ. Гъэзэгу хозяйствэм и объекту 100-м щІигъум елэжьащ.

Абы кьыдэкІуэу, кьыхихэщхьэхукІащ КІуэкІуэ К. В., и кІэм намыгъэса къаІэнкэри щыІэщ, абыхэм еужьэрэкІын хуейщ, кьыкъуэкІ лъэпощхьэпохэр псынщІу лъэныкъуэ егъэзауэ лжьыгъэхэр и кІэм нэгъэсыпхъэщ. ЗэгурыІуныгъэ зращьылІа Іуэхущ Іапі эхэр контрактхэм кьыщыгъэлъэгъуа фІагъэхэм зи лэжьакІэхэр хуэмыкІуэхэр, и чэзум объектхэр зымыгъэхэр жэуапым ешэлІэн хуейщ икІи апхуэдэхэм дзыхь яхуэпщІу ухуэныгъэм еБгъэувалІэ зэрымыхъунур хэІущІыпу щІыпхъэщ.

КЪР-м Транспортымрэ гъэзэгу хозяйствэмкІэ и министерствэм къызэрамыгъэнэнур ельщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек видеоконференц зэпыщІэныгъэ мардэм тету дыгъэгъаазэм и 2-м иригъэкІуэкІащ Коронавирус узыфэ зэрыщІалэм Къэбэрдей-Балъкъэрым зыщемыгъэубгъуным хуэунэтІа лэжьыгъэхэр зэрызрагъэпэщымрэ а узыфэм зэрыпщІатыкІэ теухуа Іуэхуэхэр зэкІэлъыгъакІуэ оперативнэ штабым и зэІущІэр.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ КЪБР-м щыІэ санитар-эпидемиологие щытыкІэмрэ COVID-19-м пэщІэтыным хуэунэтІауэ медицинэ Іуэхущ Іапі эхэм щызэфІагъэкІэжмэ.

КЪБР-м и Іэтащхьэм къыхигъэщащ эпидемиологие щытыкІэр щІыналъэм щыІэн зэрыщыгугъур. Иужьрей махуэхэм тІэкІыкІэ хэхъуащ коронавирус зыпкърыту къахутахэм я бжьыгъэр. И нэхъыбапІэкІэ ар апхуэдэу щІыщытыр тест къэпщытэныгъэу ирагъэкІуэкІыр куэдкІэ нэхъыбэ зэрыхъуарщ. ТхьэмахуиткІэ узэІэбэкІыжмэ, зы жэщмахуэм тесту 1400 - 1500-рэ яту щытауэ арамэ, иджыпсту зы сутКІэм республикэм и цІыху миниц хуэдизым абы ехьэлІауэ я щытыкІэр къапщытэ. Мыхьэнэшхуэ зиІэ ехьэлІэныгъэ кьэпІыпІэ хъунущ сымаджащэм щІэпхъэмкІ узыр хьапІэу зэфІэкІхэми я бжьыгъэр нэхъ мащІэ зэрыхъуар. Абы кьыдэкІуэу нэщІу яІэщ гъуэлъапІэ 400-м щІигъу.

Абы инкъ ИткІэ, щытыкІэмкІэ жэуап зыхь Іэнатіэхэм я къаІэн нэхъыщхьэр унэтІныныгъэ псомкІи профилактикэ лэжьыгъэхэр щыщІэзэрыгъбжьэнырщ, псом хуэмыдэу къэбгъэса илъэсыщІэ махуэшхуэхэм и пэ кьихуэу а Іуэхуэхэр хъэбгъэтІасхъэ хъунукъым икІи цІыхухэр зыхуэсакъыжьын зэрыхуейр, бэлэрыгъэ зыщыпсынкъунур ягурыгъэІуапхъэщ. А псори хуэунэтІащ узыфэм зимыубгъуным, щытыкІэр нэхъыфІ хъужынымкъэ узэрэгъэкІам кьыдэкІуэ зэхъуэжІыныгъэфІхэр щІэгъэбыда хъунымі.

«Роспотребнадзор»-м и Управленэу КЪБР-м щыІэм и Унафэщ І Пагуэ Жырасльэн зэрыжиІамкІэ, коронавирус узыфэр къазэреуэлІар зэхагъэкІауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым 2020 гъэм дыгъэгъаазэм и 2-м ирихьэлІэу щатхащ цыху 12.904-рэ, абыхэм ящыщу 10279-р хъужащ, цыху 221-рэ абы илІыкІащ. Тест къэпщытэныгъэу мин 297-м щІигъу, КТ-уэ мин 59-рэ ирагъэкІуэкІащ. Госпиталхэм медицинэ дэІэпыкъуныгъэ щагъэуэт сымаджэ 1437-м, абыхэм ящыщу 81-р реанимацэхэм щІэльщ.

КЪБР-м Ухъишагъэр хъурэмэныкІ и министерствэм къызэритамкІэ, коронавирус узыфэ зэрыщІалэр зэуэлІаХэр гъэхъужыным хуэщІауэ республикэм госпиталу 9 щыІэщ, псори зэхэту гъуэлъапІэ 1859-рэ щІэту, абыхэм ящыщу 1153-м кислород Іэмэпсымэхэр ябгъэдэтщ. ГъуэлъапІэу яІэм и процент 77-м сымаджэхэр ейщ.

«Узыфэ зэмылІэужьыгъуэхэр зыпкърытхэр щагъэхъуж щІыналъэхэхуаку сымаджэщ», - щІыналъэгъэ хуэмыныкІэ къэрал бюджет Іуэхущ Іапі эм щызэфІэкІащ кислород зэкІуалІэ гъуэлъапІэхэм иджыри 57-рэ къахэгъэхъуэнымрэ цІыхубзхэм я узынщагъэм щыкІэльапІъу иІа къудамэм щІагъэува гъуэлъапІэхэм ящыщу 105-м кислород ешэлІэнымрэ теухуа лэжьыгъэхэр.

Мы зэманым яужь итщ, хуей хъумэ къаГъэсэбэпын хуэдэу, кьалэ клиникэ сымаджэщ №1-м и етІуанэ корпусым гъуэлъапІэ 210-рэ щІэгъэувэным (абыхэм ящыщу 12-р реанимацэм епхаУэ). Ар зэфІэкІмэ, псори зэхэту республикэм апхуэдэ гъуэлъапІэхэр 2099-рэ щыхъунущ, абыхэм ящыщу 1309-м кислородкІэ цІыхур зэрагъэбаУэ Іэмэпсымэхэр яІэу, 154-р реанимацэхэм ейуэ.

COVID-19-р кьеуэлІауэ кьахутахэм ящыщу 1440-м амбулаторнэ дэІэпыкъуныгъэ яГъуэт. Абыхэм ящыщу 1193-м узыр кьемыхьэлъэкІыу япкърокІ, 164-м ику иту, 71-м узым и нэщанэхэр мыНаІуэу.

Телемедицинэ чэнджэщхэмкІэ центрым цІыхуи 8 щолажьэ. Ар Оперативнэ штабым и УськьарегьащІэ центрым щыІэщ. Мы зэманым Оперативнэ штабым и 40-15-65 «линэ пщтырым» епхаУэ телефониИ, видеолинэу 2 мэлажьэ, сымаджэхэм я упщІэхэм дохутыр-терапевтхэм жэуап иратеу Іуэхур зэтеуХауэ.

ЗэІущІэм зыщытепсэлъыхьахэр кьызэщІакъуэжа нэужь, Оперативнэ штабым и Іэщ Іагъэлі хэм чэнджэщ зыбжанэ кьыхалъхьащ туризм Іэнатіэм и лэжьыгъэр щыІэ щытыкІэм езэгъыу унэтІныным ехьэлІауэ. Апхуэдэу, цІыхухэм я нэгу зегъэужьыныр зи лэжьыгъэ Іуэхущ Іапі эхэм хуагъэувынущ бгым лыжжкІэ зэхъуэжрэ Іэмэпсымэхэр щат щІыпІэхэри, цІыхухэр кІапсэ гъуэгуКІэ кьешэкІыным хуэщІахэри щІэх-щІэхьыгъэ дезинфекцэ ящІыну, узыфэм ущцызыхъумэ нэкІуІупхъуэхэр зызыгъэсхуэхэм яІупльныр, ахэр щыІэ мардэхэм тету зэпэІэщІэу щытыныр, нэгъуэщІхэри къызэрагъэпэщыну.

КІуэкІуэ Казбек КЪБР-м и Правительствэм къалэн щищІащ абы теуха дэфтэрхэр икІэщІыпІэкІэ игъэхъэзэырыну.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

КІуэкІуэ Казбек иригъэкІуэкІащ республикэм и щІыналъэхэмрэ кІалэ округхэмрэ я администрацэхэм я унафэщІхэр зыхэта «муниципальнэ сыхьэтыр»

кІуэзэритамкІэ, «Фагъ лъагэ зиІэ автомобиль гъуэгу щынагъуэнщэхэр» лъэпкъ проектым хьыхьэу 2020 гъэм дыгъэгъаазэм и 1-м ирихьэлІэу Іуэху 93-рэ зэфІагъэкІащ - кьыхухуагъуэв мардзэм изагъэу зыхуэй хуагъэзащ автомобиль зекІуапІэ гъэзэгу километри 103-рэ, абыхэм асфальтрэ бетонрэ зэхэлъу траліхьащ, гъэзэгухэм ящыщу километр 22-м хуэдизым я Іуфэхэм уэздыгъэхэр щыфІадзащ, гъэзэгу километриплІым ябгъуэм зэхъуэкІхэр Іуагъэуващ, лъэпкъ мардэщІэм изагъэу лъэс зэпрыкІыпІэ 50 зэлуэзэпэщ ящІащ, абыхэм деж Т-7 лІэужьыгъуэм хуэдэ светофорхэр щыфІалъхьащ.

Илъэсым и кІэ пщІондэ кьэнэжа зэманым гъэзэгу километр 18-м щагъэувынущ ахэр кьызэрагъэнэхуну пкъохэр, лъэсу кьэзыкІухьхэм папщІэ зэпрыкІыпІэ 88-рэ зэІузэпэщ ящІынущ, апхуэдэуи Бахъсэн кьалэ округым зы светофор щыфІадзэнущ. Абы Іэмал кІытынущ щІыналъэ мыхьэнэ зиІэ автомобиль гъэзэгу километр 40-м нэблагъэ кьагъэнэхунымкІэ, лъэпкъ мардэщІэхэм изагъэу лъэс зэпрыкІыпІи 138-рэ зыхуэй хуэгъэзэнымкІэ.

Апхуэдэуи зэфІагъэкІа лэжьыгъэхэм ящыщу Тегенекли, Бахъсэн Ипщэ, Псы хущхъуэхэм я ауэ жылэхэм я лъэмыжжэу 2018 гъэм кьеха псыдзэмрэ яТІэмрэ трахахэр зэхэтрагъахьэжар, ахэр псори зэхэту метр 80-м щІегъу.

КЪР-м и щІыналъэ гъэзэгу фондым щыщу муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм 2020 гъэм субсидиеу хуаутІыпщащ сом мелуан 300-м щІигъу. Муниципалитетыблым ахъщэ псори зыхухахэм кьыхуагъэсэбэпащ, адрей тхум лэжьыгъэхэр иджыри щокІуэкІ.

2024 гъэ пщІондэ илъэс хуэ ирагъэкІуэкІыну я мурад лэжьыгъэхэр яубыхуащ. «ФІагъ лъагэ зиІэ автомобиль гъэзэгу щынагъуэнщэхэр» лъэпкъ проектым хьыхьэу 2021 гъэм ирагъэкІуэкІыну ухуэныгъэхэм ирахьэлІэныхэр къащэхуащ.

Лъэпкъ проектхэр республикэм зэрыщагъэзащІэм теухуауэ къэпсэлъащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Премьер-министр Мусуков Алий.

КЪБР-м и Правительствэм къызэритамкІэ, лъэпкъ проектхэм щыІэзыхуэхэм я процент 79-рэ хуэдизу щІыналъэм щызэфІагъэкІащ. Ар Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым хьыхьэ адрей щІыналъэхэм ящІахэм нэхърэ нэхъыбэщ. (Зэрэ Урысейуэ къапщтэмэ, псори зэхэту лъэпкъ проектхэр ику иту процент 69,2-кІэ, КИФЩІ-м - 66,9-кІэ щагъэзэщІауэ араща).

Къапщтэмэ, республикэм и щІыналъэ 13-м щыщу 11-м щызэфІагъэкІащ «Ущыпсэуну тынш къалэ» проектым щыубзыхуахэр, «Спортыр ди псэукІэм и мардзэ» щІыналъэ проектым хэт районищІым щыщу хым абы ехьэлІа лэжьыгъэхэр щауахащ. «Іэпэ» лъэпкъ проектыр процент 99-кІэ гъэзэщІа хъуащ. «Дэтхэнэ зы сабийми и ехьулІэныгъэр» проектым ипкъ иткІэ зэфІагъэхьи хуей Іуэхуэр 2020 гъэм и фокІадзэм и кІэм нагъэсакІэт. Адрей проектхэм хьыхьэ лэжьыгъэхэри мыгувэу яухынущ.

«Муниципальнэ сыхьэтым» хьыхьэу апхуэдэу хэпІъащ коронавирус узыфэ зэрыщІалэм земыгъэубгъуным хузэнэтІауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщІэІэ щытыкІэр зыхуэдэм.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

Коронавирус узыфэм КЪБР-м зыщемыгъэубгъуным хуэгъэпса оперативнэ штабым и зэІущІэ

Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек видеоконференц зэпыщІэныгъэ мардэм тету дыгъэгъаазэм и 2-м иригъэкІуэкІащ Коронавирус узыфэ зэрыщІалэм Къэбэрдей-Балъкъэрым зыщемыгъэубгъуным хуэунэтІа лэжьыгъэхэр зэрызрагъэпэщымрэ а узыфэм зэрыпщІатыкІэ теухуа Іуэхуэхэр зэкІэлъыгъакІуэ оперативнэ штабым и зэІущІэр.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ КЪБР-м щыІэ санитар-эпидемиологие щытыкІэмрэ COVID-19-м пэщІэтыным хуэунэтІауэ медицинэ Іуэхущ Іапі эхэм щызэфІагъэкІэжмэ.

КЪБР-м и Іэтащхьэм къыхигъэщащ эпидемиологие щытыкІэр щІыналъэм щыІэн зэрыщыгугъур. Иужьрей махуэхэм тІэкІыкІэ хэхъуащ коронавирус зыпкърыту къахутахэм я бжьыгъэр. И нэхъыбапІэкІэ ар апхуэдэу щІыщытыр тест къэпщытэныгъэу ирагъэкІуэкІыр куэдкІэ нэхъыбэ зэрыхъуарщ. ТхьэмахуиткІэ узэІэбэкІыжмэ, зы жэщмахуэм тесту 1400 - 1500-рэ яту щытауэ арамэ, иджыпсту зы сутКІэм республикэм и цІыху миниц хуэдизым абы ехьэлІауэ я щытыкІэр къапщытэ. Мыхьэнэшхуэ зиІэ ехьэлІэныгъэ кьэпІыпІэ хъунущ сымаджащэм щІэпхъэмкІ узыр хьапІэу зэфІэкІхэми я бжьыгъэр нэхъ мащІэ зэрыхъуар. Абы кьыдэкІуэу нэщІу яІэщ гъуэлъапІэ 400-м щІигъу.

Абы инкъ ИткІэ, щытыкІэмкІэ жэуап зыхь Іэнатіэхэм я къаІэн нэхъыщхьэр унэтІныныгъэ псомкІи профилактикэ лэжьыгъэхэр щыщІэзэрыгъбжьэнырщ, псом хуэмыдэу къэбгъэса илъэсыщІэ махуэшхуэхэм и пэ кьихуэу а Іуэхуэхэр къэбгъэтІасхъэ хъунукъым икІи цІыхухэр зыхуэсакъыжьын зэрыхуейр, бэлэрыгъэ зыщыпсынкъунур ягурыгъэІуапхъэщ. А псори хуэунэтІащ узыфэм зимыубгъуным, щытыкІэр нэхъыфІ хъужынымкІэ узэрэгъэкІам кьыдэкІуэ зэхъуэжІыныгъэфІхэр щІэгъэбыда хъунымі.

«Роспотребнадзор»-м и Управленэу КЪБР-м щыІэм и Унафэщ І Пагуэ Жырасльэн зэрыжиІамкІэ, коронавирус узыфэр къазэреуэлІар зэхагъэкІауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым 2020 гъэм дыгъэгъаазэм и 2-м ирихьэлІэу щатхащ цыху 12.904-рэ, абыхэм ящыщу 10279-р хъужащ, цыху 221-рэ абы илІыкІащ. Тест къэпщытэныгъэу мин 297-м щІигъу, КТ-уэ мин 59-рэ ирагъэкІуэкІащ. Госпиталхэм медицинэ дэІэпыкъуныгъэ щагъэуэт сымаджэ 1437-м, абыхэм ящыщу 81-р реанимацэхэм щІэльщ.

КЪБР-м Ухъишагъэр хъурэмэныкІ и министерствэм къызэритамкІэ, коронавирус узыфэ зэрыщІалэр зэуэлІаХэр гъэхъужыным хуэщІауэ республикэм госпиталу 9 щыІэщ, псори зэхэту гъуэлъапІэ 1859-рэ щІэту, абыхэм ящыщу 1153-м кислород Іэмэпсымэхэр ябгъэдэтщ. ГъуэлъапІэу яІэм и процент 77-м сымаджэхэр ейщ.

«Узыфэ зэмылІэужьыгъуэхэр зыпкърытхэр щагъэхъуж щІыналъэхэхуаку сымаджэщ», - щІыналъэгъэ хуэмыныкІэ къэрал бюджет Іуэхущ Іапі эм щызэфІэкІащ кислород зэкІуалІэ гъуэлъапІэхэм иджыри 57-рэ къахэгъэхъуэнымрэ цІыхубзхэм я узынщагъэм щыкІэльапІъу иІа къудамэм щІагъэува гъуэлъапІэхэм ящыщу 105-м кислород ешэлІэнымрэ теухуа лэжьыгъэхэр.

Мы зэманым яужь итщ, хуей хъумэ къаГъэсэбэпын хуэдэу, кьалэ клиникэ сымаджэщ №1-м и етІуанэ корпусым гъуэлъапІэ 210-рэ щІэгъэувэным (абыхэм ящыщу 12-р реанимацэм епхаУэ). Ар зэфІэкІмэ, псори зэхэту республикэм апхуэдэ гъуэлъапІэхэр 2099-рэ щыхъунущ, абыхэм ящыщу 1309-м кислородкІэ цІыхур зэрагъэбаУэ Іэмэпсымэхэр яІэу, 154-р реанимацэхэм ейуэ.

COVID-19-р кьеуэлІауэ кьахутахэм ящыщу 1440-м амбулаторнэ дэІэпыкъуныгъэ яГъуэт. Абыхэм ящыщу 1193-м узыр кьемыхьэлъэкІыу япкърокІ, 164-м ику иту, 71-м узым и нэщанэхэр мыНаІуэу.

Телемедицинэ чэнджэщхэмкІэ центрым цІыхуи 8 щолажьэ. Ар Оперативнэ штабым и Уськьарегьащ І центрым щыІэщ. Мы зэманым Оперативнэ штабым и 40-15-65 «линэ пщтырым» епхаУэ телефониИ, видеолинэу 2 мэлажьэ, сымаджэхэм я упщІэхэм дохутыр-терапевтхэм жэуап иратеу Іу

● Бахъсэн щIынатIэ

Зыужьынигъэм и шэсыпIэ

Урысейм и экономикэм, цIыхухэм я псэукIэм, щIэныгъэ-технологие зыужьынигъэм хуэлажьэ гъэпкъ проект пщыкIутI илъэс зыбжанэ хъуауэ ди къэралым щолажьэ. ЗэхъуэкIыныгъэфIхэр къыщыхъур къалэшхуэхэм я закъуэкъым, ахэр ялъоIэс щIыпIэ псоми, Бахъсэн щIыналъэри абыхэм яхэту.

-ЛЪЭПКЪ проектхэр зэфIэха зэрыхъум елъытауэ Урысей Федерацэ псом зеужь, - къыхиГъэщащ Бахъсэн щIыналъэм и ветеранхэм я советым и тхьэмадэ БжыкIыий Руслан. - Ахэр ГъэзэщIэным ди щIыналъэр яужь щихьар 2018 гъэращ. ПIалъэ кIэщIым кърибудэу ди жылагъуэ пщыкIуущми фIы и лъэныкъуэкIэ захъуэжащ. Гъэугухэр, спорт Iуэхущапlэхэр, паркхэр, сабий джэгупIэхэр яухуэ, фэтэр куэду зэхэт унэхэм я пщIантIэхэмрэ уэрамхэмрэ зыхуей хуагъазэ. Школхэмрэ сабий садхэмрэ къыщызэIуах я гъэсэнхэм щадэлажьэ, абыхэм я къэухым зыщрагъэужь технологие центрыщIэхэр. ИлъэсиКуэд щIауэ щыт ЩэнхабзэмкIэ унэхэр къыпхуэмыщIыхужьыным хуэдэу къагъэщIэрэщIэж, ныбжьыщIэхэм балигъхэми я зэш тегъэуплI хъууэ. Пэж дыдэу, иужьрей илъэс 30-м къэриубыдэу кърахьэжьа къэрал Iуэху кIэхь ин дыдэхэм лъэпкъ проектхэр ящыщ хъуащ.

Ди къэралым и сыт хуэдэ IэнатIэми ехьэлIауэ лэжьыгъэшхуэ йокIуэкI. Экономикэм и зыужьыныгъэм, Урысейм щIипсэуэхэм гъащIэ дахэ яIэным и шэсыпIэщ а Iуэхухэр.

ЧЫЛАР Аринэ,
Бахъсэн район администрацэм и пресс-Iуэхущапlэм и унафэщI.

Муслъымэн щэнхабзэм и музей

● Хъыбар гуапэ

Щэкlуэгъуэм и 30-м Президентым и грантхэм я фондыр я щIэгъэкъуэну, Кавказ Ищхъэрэм иИслъам институтым къыщызэIуахащ КъБР-м и Муслъымэн щэнхабзэм и музей.

«МУСЛЪЫМЭН диныр ди республикэм Х-XI лIэщIыгъуэхэм къэсащ, - зи гугъу тщIы Музейр къыщызэIуахым жиIащ КъБР-м и Дин Iуэхущапlэм и унафэщIым и къуэдзэ **Сыжажэ Алим**. - Абы кьыхэкIы, щIыналъэм и муслъымэнхэм диным епха щIэныщхуэ яхъуэжа. Апхуэдизу къэплъитэ хъунущ исльамым епха ухуэныгъэхэр, мэжджыитхэр, дин хуэIухуэщIэ хьэпшыпхэр, илъэс щэ бжыгъэхэр зыщIокIа тхьилъ лъапIэхэр, кьинэмыщIхэр. Абыхэм мыхьэнэщхуэ яIэщ Къэбардей-Балъкъэрым ис лъэпкъхэм я щIэблэм я тхьидэр ящIэжу кьыдэкIуэтеин папщIа. Ди мурадыр ахэр зэхуэтхъэсыжьын къудейракъым, атIэ, бжыгъэр зи тегъэщIапlэ IэмэпсымэхэмкIэ къэбгъэщхьэпэ хъун хуэдэу, щытыкIэщIэм идгъэужвящI. НэгъуэщIу жиIпIэмэ, иджырей Iэмэпсымэхэр къэдгъэсэбэпу, ди муслъымэн щIэныр къыкIэпIыкIуэ лъхъэнэм яфIэдмыгъэкIуэдыныщ».

КъБР-м и Дин Iуэхущапlэм республикэм ис цIыхубзм захуэгъазэ я нэхъыжьхэм къащIэнауэ илъэм диным ехьэлIа пасэрей тхьилъхэр е нэгъуэщI хьэпшыпхэр яIэмэ, Музейм ирахьэлIэну.

ЧЭРИМ Марианнэ.

● Урысей гвардие

Зи цIэр ямыщIэ сэлэтым и фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьэ

Кавказ Ищхъэрэм щылажьэ СОБР-м и къудамэмрэ Урысей гвардием и Управленэу КъБР-м щыIэмрэ я лэжьакIуэхэм дзэм хэтахэр, хабзэхъумэ Iэнатlэ зезыхьахэр, унафэщI къулыкъу бгъэдэтахэр, щIыхьэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр я гъусэу, Зи цIэр ямыщIэ сэлэтым и махуэр щагъэлапIэ зэхуэсым хэтащ.

УРЫСЕЙ гвардием къулыкъу щIэзыщIэхэр Налшык зи цIэр ямыщIэ сэлэтым и щIыхькIэ дэт фэеплъым деж щызэхэтащ, Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэр ягу кьагъэкIыжу. Щыму зы дакъикьэкIэ щыта нэужь, абыхэм удз гъэгъахэр тралъхьащ «Мыужьыхьыжьи мафIэ» мемориалым.

«Зи цIэр ямыщIэ цIыхуу мелуанитхум щIигу кьинащ а зауэ шынагъуэм и губгъуэм. Зы махуэ кьэмынэу кьэралым щокIуэкI ахэр кьагъуэтыжу, я цIэхэр кьащIэу, зыхуей хуэзауэ зэрыщIалъхьэжьыным хуэгъэпса лэжьыгъэхэр. Нобэ я цIэхэр дымыщIэу щытми, абыхэм зэрахьа лIыгъэр мыкIуэдыжынщ», - жиIащ зи цIэр ямыщIэ сэлэтым теуха зэхуэсым къыщыпсэлъа, Кавказ Ищхъэрэм щыIэ СОБР-м и къудамэм и лэжьакIуэ, полицэм и майор Ш. Аслъэн.

Урысей гвардием и Управленэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущапlэ.

● Ди махуэгъэпс

Iэмал зимыIэу дызэпха

ЩIыгулъым и дунейпсо махуэр мы гъэм илъэс ебланэ хъуауэ къэрал зыбжанэм щрагъэкIуэкI. Ар щагъэлапIэхэм ящыщу Урысей Федерацэр, Украинэр, Беларусыр.

ДИ ПЛАНЕТЭМ, щIэзыхьумэ щыIгур имыIатэмэ, цIыхухэри, хьэкIэ-кхъуэкIэхэри, кьуалэбзухэри, гъудэ-бадзэхэри щыпсэуфыныр фIэщащIыгъуейт. Сыти жыIи, кьэкIыгъэхэм зыщIаф псыIагэр зыхалъхьэ пкъыгъуэхэр зыхъумэр аращ, щыигум кьытекIырщ мэкъумэшыщIэхэр зыщыгугъри Iэщ зыгъэхъуэхм гугъапIэу яIэри.

И къежьэкIэм теухуауэ

Илъэс 18 ипэкIэ, 2002 гъэм, ЩIыгулъым и зэхэтыкIэр къэпщытэнымкIэ къэрал зэхуаку зэгучъэныгъэм ди планетэм цIыхуцIэ зиIэу тесыр кьыхуриджащ зэпэщу дыпсэунымкIэ зи мыхьэнэр ин дыдэ, дунейпсо фIыгъуэхэм ящыщ зыуэ къалъытэ щIыгулъым дяпэкIэ нэхъ дыхуэсакъыш зэрыхуейм ехьэлIауэ. 2013 гъэм а жэрдэмыр кьыдищтащ ООН-м деж ЕрыскъыхэкIэмрэ мэкъумэш IуэхухэмкIэ щыIэ Iуэхущапlэм икIи а къызэгъэпэщынигъэ ямыIэн и Ассамблее Нэхъыщхьэм и зэхуэсу абдеж дыдэм щекIуэкIам дыгъэгъазэм и 5-р ЩIыгулъым и дунейпсо махуэу щагъэуващ.

Гу лъытапхъэщ

- Дызэрыщыгъуазэщи, ди планетэм и Iыхьэ щанэр щIыгурэ къуршэмкIэ щIэхъумащ. Адрейр, зэрытщIэщи, псыщ. ИтIани, щIэныгъэпIэхэм къызэрабгамкIэ, псым хэсхэм ельытауэ, щIыгур къэзыгъэсэбэпхэр, псори зэхэту, хуэдэ 700-кIэ нэхъ хьэлъащ, я лIэужьыгуэкIи я бжыгъэр куэдкIэ нэхъыбэщ.

- И щIыгум щыщу мэкъумэш лэжьыгъэхэр хуиту щебгъэкIыжкI хъуну ди планетэм иIэр и процент 11-рщ. Адрейхэр пшаХъуалъэщ, кьуршыльэбгыльэщ е мэзхэм щIахьумащ.

- Тельыджащ, ауэ ЩIы Хьурейм гъудэ-бадзэу щыIэм я процент 95-м я гъащIэр, кьыгуэхьпIэ имыIэу, щыгулъырщ зэпхэр.

- Ди къэралым доктор степеныр щIэныгъэлIэхэм щратыныжмкIэ зиIэ дыдэу жэрдэм кьыхэзыхьауэ щытар щыгулъ щIыпIэхэмрэ абыхэм я зэхэлъыкIэр джыныжкIэ едгъэгъэшхуэ Докучаев Василийщ. Ар къыщыхъуар 1883 гъэм дыгъэгъазэм и 5-рщ. Абы, ООО-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм и унафэкIэ, ЩIыгулъым и махуэр щыIтрагъэхуари аращ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

БЭЧЫЖЬ Лейлэ Iэбубэчыр и пхъур

Дыгъэгъазэм и 3-м ди къуэш республикэм, Къэрэшей-Шэрджэсым, хъыбар гуаУэ кIыкIащ. Дунейм ехьажащ адыгэ лъэпкъым и япэ бзылъхугъэ едгъэгъэшхуэ, филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩIДАА-м и вице-президент, КъБР-м, КъШР-м, АР-м щIэныгъэкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ Бэчыжь Лейлэ. Лъэпкъми, хэкуми, литературэми ягъуэта хэщIыныгъэр икъуэкIэ инщ, ихьэлъащ.

ШЭРДЖЭС литературэм и тхыдэдэж, критик цIэрыIуэ, Къандурым и цIэр зезыхьэ дунейпсо сагъэтым и лауреат Бэчыжь Лейлэ Iэбубэчыр и пхъур Хьэбзэ районым хьэхьэ ПсэукIэ Дахэ хуэужам 1929 гъэм накъыгъэм и 29-м къыщыхуащ.

КъШР-м и къалащхьэ Черкесск дэт лъэпкъ еджапIэ-интернатыр дыщэ медалькIэ кьиуха иужь, адыгэ пщащэр Ленинград дэт къэрал университетым филологиемкIэ и факультетым щеджащ. Абы щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызригъэгъуэту къыхэзригъэзэжри Къэршей-Шэрджэс республикэм и институтым щылэжьащ. Ар 1983 гъэм къыщыщIэдзауэ КъШКъУ-м литературэмкIэ и кафедрэм и профессорт, КъШР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и Iэтащхьэт.

Бэчыжь Лейлэ адыгэ зэрыс щIыналъыщми нэгъуэщI къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъзэгухэми фIыуэ къалIыхурт. Абы и щхьэусыгуэр адыгэ Iуэрыуатэмрэ литературэмрэ джыныжмкIэ, ди лъэпкъ усакIуэхэмрэ тхакIуэхэмрэ я Iэдакъэщ Iэкl тхыгъэхэр зэпэкрыхьныжмкIэ, литературэм зезытыну зи гугъэ щIэблэщIэр гъуэгу захуэ тегъуэвэныжмкIэ а бзылъхугъэм куэд дыдэ зэрилэжьарщ.

Бэчыжьым и Iэдакъэм къыщIэкIыу япэ дыдэу дунейм къытехьауэ щытар «Шэрджэс литературэм и тхыдэм и напэкIуэцIхэр» зыфIища тхыгъэращ. Ауэ ар тхылъ щхьэхуэу къыдэкIыным ипэкIэ, Лейлэ къыщигъэсэбэпауэ щытащ адыгэ литературэмрэ гъуэгджэмрэ я махуэхэу 1957 гъэм Москва къалэм щекIуэкIам щища докладым. Университетым къэзыхагъащIэ бзылъхугъэ ныбжьыщIэм ди литературэм теуухауэ абдеж къыщипсэльам жыхьэща щIэныгъэр, акъылыр, зэчийр гъэщIэгъэун ящыхьауэ щытащ урыс тхакIуэ цIэрыIуэхэу Михалков Сергей, Ахматовэ Аннэ, Сартаков Сергей, Андроников Ираклий, КIыщокъуэ Алим, КIэрашэ Тембот сымэ.

Абы щегъэжьауэ Бэчыжь Лейлэ щIэныгъэм щыхиша лъагъуэр едгъэгъэшхуэм и гъэугу бгъуфIэ хъуащ. Иужьрей илъэс 60-м кърибудэу ди литературэм и тхыдэмрэ адыгэ, абазэ, нэгъуей, къэрэшей тхакIуэхэм я Iэдакъэщ Iэкl тхыгъэхэмрэ яIтехуауэ лэжьыгъэшхуэ хуэзыгъэкIуэ ихьэщ икIи къыдигъэкIащ Лейлэ.

Абыхэм ящыщщ «Шэрджэс усакIуэ Гъуэщокъуэ Хъусин» (1962), «Шэрджэс совет литературэр» (1964), «Адыгэ литературэм и прозэ жанрхэм я зыужькIыкIэмрэ ахэр зыгъэльэпкъ дахэгъэкIуэ 60-м кърибудэу ди литературэм и тхыдэмрэ адыгэ, абазэ, нэгъуей, къэрэшей тхакIуэхэм я Iэдакъэщ Iэкl тхыгъэхэмрэ яIтехуауэ лэжьыгъэшхуэ хуэзыгъэкIуэ ихьэщ икIи къыдигъэкIащ Лейлэ.

Абыхэм ящыщщ «Шэрджэс усакIуэ Гъуэщокъуэ Хъусин» (1962), «Шэрджэс совет литературэр» (1964), «Адыгэ литературэм и прозэ жанрхэм я зыужькIыкIэмрэ ахэр зыгъэльэпкъ дахэгъэкIуэ 60-м кърибудэу ди литературэм и тхыдэмрэ адыгэ, абазэ, нэгъуей, къэрэшей тхакIуэхэм я Iэдакъэщ Iэкl тхыгъэхэмрэ яIтехуауэ лэжьыгъэшхуэ хуэзыгъэкIуэ (1972), «ЛIыхъэжь эпосым къыщыщIэдзауэ романым нэс» (1974), «Псалъэм и жэуаплигъэр» (1978), нэгъуещIхэри. Бэчыжьыр ящыщщ 80 гъэзэм Москва къыщыдэкIауэ щыта «Совет лъэпкъыбэ литературэм и тхыдэр» (томитху хъууэ), «Совет романыр» тхылъхэр зыгъэльэпкъ.

Бэчыжь Лейлэ и гуащIэшхуэхэр Кавказ зауэжьым и зэранкIэ къэрал щэ ныкъуэм щIигъуэм щикъухьа хъуа ди лъэпкъзэгъуэм къахэкIа тхакIуэхэм, усакIуэ цIэрыIуэхэм я творчествэр хэкужьым щыпсэуэхэм ягъэщIыхуным хуэгъазауэ ди щIэныгъэлIхэм ирагъэкIуэкI лэжьыгъэ иным.

Апхуэдизу хэхэсу псоу адыгэхэм ятеухуащ Лейлэ жэрдэмщIакIуэ зыхуэхъуу 1991 гъэм и жэпуэгъэ мазэм Черкеск къалэм щрагъэкIуэкIауэ щыта «Кавказ лъэпкъхэм камэщIэм щIэ щэнхабзэр» щIэныгъэ конференцыр. Апхуэдэ зэхуэс бжыгъэ Бэчыжьыр псэуху зыхэлэжьыхьар мащIэкъым.

Бэчыжь Лейлэ къаруушхуэ тригъэкIуэдащ адыгэ IуэрыIуатэр зэхуэхьэсыжауэ къыдэгъэкIыным. Апхуэдэ лэжьыгъэм и мызакъуэу, Лейлэ жыджэру хэтащ адыгэхэм я литературэу къэрахьэжьэ сыт хуэдэ Iуэхуми. Шэрджэс бзылъхугъэм хуэзфIэкIащ ди лъэпкъ литературэм и мызакъуэу, нэгъуэщI лъэпкъхэм я литературэми теухуа лэжьыгъэ гъащIэгъуэныщуу 300-м щIигу итхын. ИригъэкIуэкIа къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм нэмыщI, Лейлэ егъэджакIуэ Iущт, ущиякIуэинт, филологие щIэныгъэмкIэ кандидат, доктор лэжьыгъэхэр зыгъэхьэзыр щIэныгъэлI куэдым я унафэщIу щытащ ар. И гъащIэр ирихьыху заущIигъэкъуащ чэнджэщ хуэныкъуэхэм.

«Лъэпкъым я Iэныбжьэгъугъэ» орденыр, «Хэкум и пащхьэ щIиI фIыщIэхэм папщIэ» орденым и медалым и етIуанэ нагъыщэр, медаль куэд зыхуагъэфащэ адыгэ бзылъхугъэ едгъэгъэшхуэм и фееплъыр зэи тщыгъупщэнукъым, лъэпкъым иджыри куэдрэ къыгъэсэбэпынущ абы и IэдакъэщIэкI купщIафIэхэр.

ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и президент **Къанокъуэ Арсен**, вице-президентхэу **ЛIэужь Iэдэм, Хьэфыщ Iэ Мухьэмэд, Щхьэгъэпсо Сэфарбий**, академикхэу **Мэшбащ Iэ Исхьэкъ, Щоджэн Iэсхьэд, БакIуу Хъанджэрий, Сэхъуурокъуэ Хьэутий, Бырсыр Батырбий, Мамий Руслан, Узэкъуэ Александр, КъэкIуащэ Андрей, Дзэмыхь Къасболэт, Бгъэжанокъуэ Барэсбий, Къандур Мухьэдин, Бэлагъы Любэ, Чурей Алий**, член-корреспондентхэу **Чурей Дыжьын, Хьэуткъуэ Самир, Иуан Зэуал, Уэз ФатIимэ**.

● Гу зылъытапхъэ

Шынагъуэр къэмыгъэхъуным хуэгъэзауэ

Налшык къалэ дэт къхъухьлатэ тельэтыкIыпIэм къуалэбзухэм къахь шынагъуэм пIэщIэ зыхуэщIыным, абыхэм уэгур щыхьуэмэным я Iуэхукlэ къэралым щIэзекIуэ хабзэхэр зэрагъэзащIа щIыкIэр зэхэсыжьыкIэ къэпщытэныгъэхэр иджыблагъэ Цыхухэр къыщэрашэжьым кIэлъыплъ прокуратурэм иригъэкIуэкIащ.

ПРОКУРАТУРЭМ къызэрыщIигъэщамкIэ, къалэм дэт къхъухьлатэ тельэтыкIыпIэм и оператор нэхъыщхьэу щыт «Аэрокомплекс» зэгухьэныгъэм и лэжьакIуэхэм къэрал хабзэм кьигъэув мардэхэр нэсу ягъэзащIэркъым. Къхъухьлатэ зыIэтыпIэкъэтIыкъыпIэр зэрыт Iэгъуэблагъэм и уэгум къуалэбзухэр зэрыщIызэльатэ, зэрыщащэхуэр, псэупIэ зэрыщащI щыкIэхэр зэхэзыгъэкI Iуэхущапlэхэр, Iуэхум хэзыщIыкI Iэщапlэлъ Iэр кърамышалIэу, езыхэм уней къэпщытэныгъэхэр иригъэкIуэкIащ.

«Урысей Федерацэм и кIуэцIкIэ цIыхухэр уэгум къещIешкIыным зэрызыхуагъэхьэзырыпмрэ ахэр кьыззырашэкI щIыкIэмрэ теухуауэ» щIэкъэрал хабзэмрэ «Уэгур къуалэбзухэм зэрыщащхъуэ щIыкIэхэр» чэнджэщхэм къагъэув мардэхэмрэ аэропортым и лэжьакIуэхэр иримыгъуазэу кьыщIэкIащ. Iуэхущапlэм паубыдащхэм ящыщщ Iэщапlэлъэхэм, кхъухьлатэ тельэтыкIыпIэм и Iэгъуэблагъэм щыIэ щытыкIэ пэжыр къэзыхутэфыну Iуэхущапlэхэм я къалэныр я пщэ зэрыщащхьэжьар. Апхуэдизу прокуратурэм Iэнатlэм и лэжьакIуэхэм гу лъагирэтащ къэрал хабзэм ебэкъуэным щIыхуэр уэгум къещIешкIыным щIыкIэ щыIэ шынагъуэншагъэр кьыззэпиудынкIэ зэрыхъунуми.

КъыщIэща ныкъуэсаныгъэхэр гъэзэкIуэжьыным хуэгъэзауэ прокуратурэм Налшык къалэ хейщапlэм тхылъ щIилъхьащ, аэропортым хабзэр иригъэзэщIэну пигъэувэу, Iуэхущапlэр зэрыт Iэгъуэблагъэм и уэгум шынагъуэншагъэр къещIешкIыным щIыкIэ зэрыгъэпэщкIэ, Iэщапlэлъэр хэмыту къэхутэныгъэхэр ирыримыгъэкIуэкIыну.

КъыщIэща Iуэху зэхэмыбзэкъэ зэрагъэзэкIуэжьр щIыхуэхэр кьыззырашэкI щIыкIэм кIэлъыплъ прокуратурэм и нэIэ щIэтщ.

ШУРДЫМ Динэ.

КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм, «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ Iуэхущапlэм, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм, «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Советская молодежь», «Горянка» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Iуащхьэмахуэ», «Минги Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м, «Эльбрус» тхылъ тедапIэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» республикэ хъыбарегъащIэ агентствэм я лэжьакIуэхэр **Шаваев Хьэсэн Исмэхьил и къуэм** хуогузавэ абы и шыпхъу **Махиевэ (Шаваевэ) Хьэлимэт Исмэхьил и пхъур** дунейм зэрехьажам къыхэкIыу.

Мы махуэхэм

Дыгъэгъазэм и 5, *щIэбэт*

♦ЩIыгулъым и дунейпсо махуэщ
♦Езыхэм яфIэфIу жылагъуэ, бзэм яфI зыхэлъ Iуэхуэхэм хэтхэм я дунейпсо махуэщ
♦Экономикэ, социальнэ зыужьныгъэм елажь зэгухьэныгъэхэм я дунейпсо махуэщ
♦Урысейм и Дзэ щIыхьым и махуэщ - 1941 гъэм советыдзэхэм Москва деж нэмыщIэ зэрыпхъуакIуэхэр щрагъэкIуэтыжу хуэжьащ.
♦1492 гъэм Колумб Христофор Гаити хьIтIыгур зэрыщIыр кьихутащ.
♦1936 гъэм СССР-м и етIуанэ Конституцэр къащтащ. Ар тхыдэм хьыкащ «Сталиным и Конституцэ» цIэр иIэу.
♦1936 гъэм КъБАО-р КъБАССР хъуащ.
♦1942 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и партизанхэр Пэскэн Iэзанэм щыIэ нэмыцI быдапIэм теуащ, хэщIыныгъэхэр ираташ.
♦1957 гъэм Ленинград деж псым щытрагъэхьащ «Ленин» мылкъутэ атом кхъуныр.
♦2009 гъэм Кисловодск - Минеральные Воды мафIэгум теракт щаIэжащ. ЕтIуанэ вагоным кьыщагъэзэжа лагъымым и зэран цIыху 231-м екIащ - 34-р абдежым щыхэкIуэдащ, уIэгъэ хьэлъэхэр ятелъу сымаджэщхэм яшахэм ящыщу цIыху 17 иужькIэ лащ. ЦIыхуи 180-м фэбжь зэхуэмыдэкIэр хахат.
♦2009 гъэм Пермь къалэм гуаУэшхуэ кьыщыхьащ - «Хромая лошадь» клубым мафIэ кьыщIэнэри, абы цIыхуи 156-рэ хисыкащ. Апхуэдизу цIыху зыхэкIуэда мафIэс УФ-м зи кьыщцIыхьуакъым.
♦Урыс усакIуэ, дипломат **Тютчев Фёдор** къыззэральхъуэ илъэс 217-рэ ирокIу.
♦Америкэм щыщ кинорежиссёр, дуней псом щыцIэрыIуэ мультфильм куэд дыдэ тезыха **Дисней Уолт** къыззэральхъуэ илъэси 119-рэ ирокIу.
♦Дирижёр цIэрыIуэу щыта, СССР-м и къэхубэ артисткэ **Дударовэ Вероникэ** къыззэральхъуэ илъэси 104-рэ ирокIу.
♦ТхыдэщIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ШIДАА-м и академик, УФ-ми КъБР-ми щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Къумыкъу Тыгъуэн** къыззэральхъуэ илъэс 93-рэ ирокIу.
♦Физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ШIДАА-м и академик икIи и президенту щыта, РАЕН-м и академик, УФ-м, КъБР-м, КъШР-м, АР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Нэхущ Iэдэм** къыззэральхъуэ илъэс 82-рэ ирокIу.
♦Урысей актрисэ, УФ-м и цIыхубэ артисткэ **Руслановэ Нинэ** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокIу.
♦Испанием щыщ оперэ уэрэджьIалкIуэ цIэрыIуэ **Каррерас Хосе** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокIу.
♦«Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ, КъБР-м щыIэ зиIэ и журналист **Жыласэ Заурбэч** и ныбжьыр илъэс 60 ирокIу.
♦Франджым щыщ уэрэджьIалкIуэ цIэрыIуэ, актрисэ **Каас Патрисие** и ныбжьыр илъэс 54-рэ ирокIу.
♦УэрэджьIалкIуэ, АР-м, КъБР-м, КъШР-м щIыхь зиIэ я артист **Быщтэ Азэмэт** и ныбжьыр илъэс 28-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфаеу щыщытынущ, уэс къыщесынущ. Махуэм хуабэр градуси 2, жэщым щIыIэр градуси 2 - 1 щыхьэнущ.

Дыгъэгъазэм и 6, *тхьэмахуэ*

♦Пермь крайм и махуэщ
♦УФ-м и МВД-м наркотикхэм ехьэлIа щIэпхъаджагъэхэр зэхэгъэкIыныр зи мэкIэтыну къудамэ къыщыщIэзрагъэпэща махуэщ *(1991 гъэм)*
♦Тыркумэным щагъэлъапIэ зэгъуэфIхэм я махуэр
♦Белоруссием щылажьэ юристым и махуэщ
♦Украинэм Iэщщ кIэ зэщIэузэда и къарухэм я махуэщ
♦Финляндие Республикэм и щхьэхуитныныгъэм и махуэщ. 1917 гъэм унафэ кьащтащ ар Урысейм и унафэм зэрыщIэмытыжым теухуауэ.
♦Испанием и конституцэм и махуэщ
♦1240 гъэм, къэувыхьауэ зэман кIыхькIэ щыта нэужь, монгол-тэтэрыдзэхэр Киев къалэм дыхьащ.
♦1492 гъэм Колумб Христофор Гаити хьIтIыгур зэрыщIыр кьихутащ.
♦1741 гъэм Урысей къэралыгъэм зэрыхьзэрий кьыщыхъуащ, дзэхэр и телъхъэ кьищIри, пащтыхьыгъэр иубыдащ Пётр Iэзанэм ипхъу Елизаветэ.
♦1768 гъэм Британием и щIэнгъуэзэм и япэ кьыдэкIыгъуэр Шотландием и кьалащхьэ Эдинбург дунейм кьыщытехьащ.
♦1774 гъэм цIыхухэм щIэныгъэ егъэгъуэтын IэнатIэр дунейм щыяпэу кьэралым и нэIэм щIигъэуващ Америм.
♦1909 гъэм Саратов къалэм университет къыщызэIуахащ.
♦Урыс усакIуэ, публицист **Огарёв Николай** къыззэральхъуэ илъэс 207-рэ ирокIу.
♦ГуУ дохутыр, хирург цIэрыIуэ, академик, тхакIуэ **Амосов Николай** къыззэральхъуэ илъэси 107-рэ ирокIу.
♦Урысей кинорежиссёр, актёр, сценарийхэр зытх, СССР-м и цIыхуфэ артист **Наумов Владимир** и ныбжьыр илъэс 93-рэ ирокIу.
♦Балъкъэр щIэныгъэлI, философие щIэныгъэхэм я доктор, ЩIДАА-м и академик, КъБР-мрэ Къалмыкъыбгэм щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Эфендиев Сэлихь** и ныбжьыр илъэс 87-рэ ирокIу.
♦Совет фигурист цIэрыIуэ, СССР-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер, 1976 гъэм Инсбрук (Австрие) щекIуэкIа XII щIамахуэ Олимп Джэгуэм дыжьын медаль къыщIэзыха **Миненков Андрей** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокIу.
♦УФ-м щIыхь зиIэ и артист, Алтай крайм и губернатору щыта **Евдокимов Михаил** къыззэральхъуэ илъэс 63-рэ ирокIу.
♦Урысей актёр цIэрыIуэ, «Кинотавр», «Ника» саугьэтхэр зыхуагъэфащэ **Балуев Александр** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокIу.
♦Урысей тележурналист, «Хэкум и пащхьэм щIиI фIыщIэм папщIэ» орденым и етIуанэ нагъыщэм и медальр зыхуагъэфащэ **Агалаковэ Жанэ** и ныбжьыр илъэс 55-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфаеу щыщытынущ, уэс къыщесынущ. ЩIыIэр махуэм градусиз 3 - 4, жэщым апхуэдизу щыхьэнущ.

Дыгъэгъазэм и 7, *блыщхьэ*

♦ЦIыхуэхэр къыззэрашэкI авиацэм и дунейпсо махуэщ. 1944 гъэм дыгъэгъазэм и 7-м Чикагэ (США) Iэ щытрадзащ цIыхуэхэр къыззэрашэкI кхъухьлатэхэм я лэжьакIэр зыубзыкуу конвенцэм.
♦Урысейм и Дзэ-Хьэрш Къарухэм я инженер-авиацэ къулыкъум и лэжьакIуэхэм я махуэщ
♦Къэрал Эрмитажыр къыщыщэрагъэпэща махуэщ, 1764 гъэм Урысейм и пащтыхь Iуэтэ Екатеринэ ЕтIуанэм Бельгием, Голландием щыщ сурэтыщI зыбжанэм я Iэдакъэщ кIэхэр къыщIэхуащ. Аращ дуней псом щыцIэрыIуэ, УФ-м и лъэпкъхэм я щэнхабзэ хъуГъуэфIыгъуэ нэхъыщхьэхэм хабжэ музейм лъабжьэ хуэхъуар.
♦Украинэм щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ и органэм я махуэщ
♦Армением щIыр щыщыхьэрэм ящIуэдахэм я фэеплъ махуэщ. 1988 гъэм дыгъэгъазэм и 7 пщэдджэ-жьым щыр баллибгъу и лъэщагъуэ щыхьеящ Армением и ищхъэрэ щIыналъэм. А къэхъуакIащIэ щынагъуэм хэкIуэдащ цIыху мин 25-м щIигъу, мин 19-м нэблагъэ ныкъуэдыкъуэ хъуащ, псэупIэншэу къэнауэ щытащ мин 530-рэ. ЩIым щыщ хъуат Спитак къалэмрэ кьуажэ 58-рэ, жылэ 300-м щIигъум зэранышхуэ хуэхъуат щыхъэйр.
♦1725 гъэм Петербург щызэхэтащ Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и академием и япэ зэхьэхэр.
♦1732 гъэм инджылыз актёр Рич Джон къызэригъэпэщащ Лондон и Пащтыхь театрыр. Абы фIащащ здэщыт Ковент-Гарден утыкум и цIэр.
♦1877 гъэм США-м щыщ къэхутакIуэ, хьэрычэтыщIэ Эдисон Томас кьигупсыса граммофоным и зэфIэкIыр игъэльэгъуащ.
♦1934 гъэм Киров, Омск, Оренбург областхэмрэ Красноярск краймрэ къыззэрагъэпэщащ.
♦1941 гъэм Японием США-м и дзэ-тенджжэ флотым и базэ нэхъыщхьэхэм я хэщIапIэ Пёрл-Харбор кхъухь тедзапIэм ящыщхьэдэмыщхьэу теуащ. Абы кхъухьрэ кхъухьлъатэу, нэгъуэщI техникэу куэд дыдэ щыIэтракъутат, америкэ сэлэт мини 3,5-рэ хэкIуэдат. США-м а зэманым иIа хы Хуэм флотым и нэхъыбапIэр абдежым щыщыкIуэдауэ къалъытэ.
♦1958 гъэм РСФСР-м и тхакIуэхэм я япэ съездыр кьыззэIуахащ.
♦1976 гъэм Тулэ «Къалэ-ЛIыхъужь» цIэр фIащащ.
♦1994 гъэм Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэм и Конституцэр щащтащ.
♦Парт, къэрал къулыкъущIэу, СССР-м щэнхабзэмкIэ и министру щыта **Фурцевэ Екатеринэ** къыззэральхъуэ илъэси 110-рэ ирокIу.
♦Совет къхъухьлатэзехуэ **Буденовэ Екатеринэ** къыззэральхъуэ илъэси 104-рэ ирокIу. Хахуагъэ къигъэльэгъуэу Хэку зауэзыншэм хэтащ ар, нэмыцIэхэм я къхъухьлатэ 11 къриудыхащ. 1943 гъэм бадзэуэгъуэм и 19-м Екатеринэ узгум къыщебгъэрыкIауэ нэмыцI хъухьлатиущ. Зы истребитель къриудыжьым хуэзэфIакIами, езым и къхъухьлатэми узгум зыщIиIгыфакъым, къеухуэхри Екатеринэ хэкIуэдащ. УФ-м и Президентым и Указкlэ 1993 гъэм и жэпуэгъуэм Бгъдановэ Екатеринэ Урысейм и ЛIыхъужь цIэр фIащауэ щытащ.
♦Совет актёр цIэрыIуэ, РСФСР-м и цIыхубэ артист, СССР-м и Къэрал саугьэтыр зэрат **Вельяминов Пётр** къыззэральхъуэ илъэс 94-рэ ирокIу.
♦Урысей музыкант, уэрэджьIалкIуэ, актёр, УФ-м щIыхь зиIэ и артист **Мазаев Сергей** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфаеу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэс къыщесынущ. Махуэм хуабэр 1 градус, жэщым щIыIэр градуси 3 - 2 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
**ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Езым и щIэджыкIакIуэхэр зиIэж Жыласэ Заурбэч 60

Жыласэ Заурбэч Щэлэуат и къуэр Аруан щIыналъэм щыщ Къэхъун къуажэм 1960 гъэм дыгъэгъазэм и 5-м къыщалъхуащ.

ЖЫЛЭМ дэт курыт еджапIэр кьиухри, Жыласэр 1979 гъэм дзэ къулыкъум ираджащ икIи а къалэныр абы я зэманым Германием щыIа советыдзэхэм я тIасхъэщIэх батальоным хэту ирихьэкIащ.

Хэкум кьиугъэзэжа нэужь, Заурбэч 1981 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и тхыдэ-филологие факультетым щIэтIысхьащ. Тхыдэм дихьэх, зи анэдзлъхубзэри урысыбзэри зыгъэшэрыуэ щIалэм университетым и унафэщIхэр илъэсищIкIэ къыкIэлъыплъащ, и зэфIэкIым зы гъэм нэхъэрэ къыкIэлъыкIуэм зэрыхигъахъуэм щыгуфIыкIэу - ар фIыуэ еджэрт, жылагъуэ Іэхуэхэм жыджэру хэтт, гъэсэныгъэ дахи хэлът. ЖыпIэнурамэ, хьэл зэтеубыда иІэ хъуат, и ныбжьым хуумыгъэфащэну.

КъБКъУ-м и унафэщIхэм 1984 гъэм абы къыхуагъэлъэгъуащ Совет Союзым и еджапIэ нэхъыщхьэ нэхъыфI дыдэу кьалъытэжьм ящыщ, Москва дэт къэрал университетым и щIэныгъэм щыпищэну. Апхэудэ зи насып кьрихьэкIыр зырызыхэт. Ар насыпырыхь кьудейуи щыттэкъым - щIыналъэм кьыдалъаГъуну, зи щIэныгъэкIи гъэсэныгъэкIи кьэзымыгъэукIытэну къалъытэхэм яхдзэуэр нэхъыфI дыдэхэт апхэудэ пщIэ зыхуащIыр. Лъэпкъ журналистикэм зегъэужьыным хэпIыфIыхьыну зышыгугъ щIалэгъуалэм ящыщ хъуат Заурбэч. Арати, а илъэс дыдэм ар МКъУ-м и студент хъуащ.

Къэралым и щIыхьэрым еджакIуэ зыгъэкIуахэр зэращыгугъуэу къахуущIакIащ Жыласэр - и хъыбарыфIыр къыИкIыну щыIащ ар. Университетым фIыуэ зэрыщеджам и щIыхьэтт абы СССР-м щIэныгъэмкIэ и министерствэм, комсомолым и ЦК-м, къэралпсо профсоюз зэгухэныгъэм я дамыгъэ лъапIэхэр къыззэрыхуагъэфащэр. ЩIэныгъэ куу зригъэгъэтауэ, къэралым къыщыдэкIает гъэхъыщхьэхэм журналист Іэщ Іагъэм и щэхуэм зыщыхигъэгъуэзауэ 1987 гъэм къыгъэзэжащ абы.

Партым и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым къыдигъэкI «Ленин гъэзэгу» газетым журналист щIалэр ирагъэблагъэри, абы и корреспондент, къудамэм и унафэщIу ІэнатIэхэм пэрытащ. ИужькIэ Аруан щIыналъэм къыщыдэкI «Маяк» газетым жэуап зыхь и секретару, редакторым и къуэдзэу щыIэжащ. Республикэм щыяпэу а заманым Жыласэм хузэфIэкIащ тхыгъэхэр адыгэбзэкIэ къызытехуэ напэкIыуэ район газетым дэлъу я къыдэкIыу Іуэхур зэтриублэн. ИужькIэ адрей щIыналъэ газетхэри а щапхъэм ирикIуащ.

Жыласэр яхэтащ лъэпкъ Іуэхум, ди тхыдэм, щэнхабзэм щIыхубэр щыгъэзыгъэзэным хэзгъэпсауэ дунейм къыхихыу щыта «Щэнгъуазэ», «Нарт» газетхэр къыддэзыгъэкIахэми, дэтхэнэми егугъуу и къалэнхэр щигъэзащIэу. Абыхэм илъэс зыбжанэкIэ щылэжьа нэужь, Заурбэч «Адыгэ псалъэ» газетым къигъэзэжащ.

ЩIалэ жаным, зи Іэщ Іагъэм фIыуэ хэзэгъаи и къалэмыпэм къыпыкI тхыгъэхэмкIэ жылагъуэр зыгъэпIейтейхэр хэIущIыIу ищIырт, и Іэху епIыкIэри къигъэзыгъэуфырт. Ауэрэ езым и щIэджыкIакIуэхэр зиIэж журналист Іэзэ хъуащ. Зи унафэщI къудамэм и лэжьыгъэр тэмэмэу зэриунэтIым, къызэрэпэщакIуэ хьэлхэри зэрыхэлъым гу лъатэщ, ар КъБР-м Печатымрэ информацэмкIэ и министерствэм и къудамэм и унафэщIу ирагъэблагъэри, а ІэнатIэм илъэсипщIым щIигъукIэ пэрытащ. Абы щыгъуи Жыласэм къигъэлъэгъуащ щIыху ззэыгъэдэIуэф, зыхэтхэм пщIэ зыхуезыгъэщIыф унафэщIу зэрыщытыр. Къэрал къулыкъум щыпэрытами, Заурбэч и къалэмир игъэтIылъыркъым щIыпIэ унафэщIу зэрыщытыр. Къэрал къулыкъум щыпэрытами, Заурбэч и къалэмир игъэтIылъыркъым - махуэ щIагъуэ дэкIыртэкъым абы и щIэ-гъэщIэр зыщIэт тхыгъэхэр газетхэм къытемыхуэу.

И псэм фIэфI журналист Іэщ Іагъэм ар пэришэжащ газет лэжьыгъэм - 2009 гъэм абы «Адыгэ псалъэ» газетым къигъэзэжащ редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэу икIи абы лъандэрэ а къулыкум пэрытащ.

Заурбэч щIалэгъуалэм щIэныгъэ егъэгъуэтын Іэнатіэм хэлъхьэныгъэфI хуищIащ - абы журналистикэм хуриГъэджажэр щолажьэ республикэм и газетхэм, журналхэм, телевиденэмрэ радиомрэ.

И лэжьыгъэфIым къыпэкIуэу Жыласэм къыфIащащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ гъэрыем журналист» щIэ лъапIэр, республикэм и Іуэхущ Іапі эзмыпIэужьхыгъуэхэм я щIыхь, фIыщIэ тхыпIэхэр къратащ.

Республикэм щIыхь зиIэ и журналист щIэр къыщыфIащам Жыласэм къьхъуэхъуэм ящыщ зыгъэрым къыжриIауэ щытар дигу къэкIыжащ мыбдежьым. «ЩIыхь зиIэ журналист уэзэрыхъуамкIэ сынохъуэхъу, Заур, ауэ абы «щIыхь зиIэ пешеход» щIэр щIапхъущIагъэн хуеящ», - къыдзэгушIат ар. Апхэудэу щIыжикIар гурыIуэгъуэ фIыкIуэн папщIэ абыи тIэкIу дыкъэтуевыIэнщ. Ар зэхьэлIар къэлэн лэжьакIуэ къыззэрыкIуэ щIыкIэрщ. Я унэ - Къэхъун - къыщежьэу ар лэжьапIэм къыщIыхьэхукIэ зэпич гъэугуанэр умыгъэщIагъуэн плъэкIыркъым. Налшык къыззэрыкIуэну маршруткэр къыщыцIыуэм нэс лъэсу къьокIуэ, абы къэтIысхьэри, къалащхьэ вокзалым къос. Абдежым къыщоКIри, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрамыр зи кIыхьагъ гъэзэгуанэри лъэсу къызэпечI. ЛэжьапIэм щикIыжкIи апхэудэ дыдащ - зы илъэсыкIи икIи илъэситIкъым, уеблэмэ илъэсипщIкъым апхэудэу гъуэгу зэрытетыр. АтIэ хуэфащэ дыдэкъэ «щIыхь зиIэ лъэсырызекIуэ» цIэ хэзбгупсыу абы къыфIэпщIыну!

Лъэсу къыщIикIухьыр ар лэжьапIэм къыщIэрыкIуэн машинэ имыIэу аракъым. Тхьэм и фIыщIэкIэ, апхэудэхэр езыми и щIалитIми яIэщ, щIым намыгъэсуи дакъыкъэ бжьыгъэм къагъэсынущ, ауэ и Іэпкъ-лъэпкъым зригъэжьуэдиинырэ и гъащIэ мардэу игуэваци, абы тету аращ.

И ЛЭЖЬЫГЪЭМ и гугъу зэрытщIым нэмыщI, Жыласэм и цIыху хэтыкIэм, и инагъуэм, и Іыхьлыхэм щхьэхуэу уакъытеувыIэнуи къелэжь.

Жыласэхэ Щэлэуатрэ Бабусэрэ я щIалиллым я пажэщ Заурбэч икIи нэхъыжьым къыкIэлъыкIуэхэр зэрыдэлпIэйр гурэ псэкIэ зыхьащIэу апхэудэщ. Арауэ къыщIэкIынщ иужь итхэм щапхъэ дахэ яхуэмыхъуэн хьэл-щэн щIыхэмыльыр - и дуней тетыкIэм хуэсакъыж зэпиту тетыр ар дунейм. Чэнджэщагъуу, Іуаззу, Іуэхуфlэм тезыгъэгушхуэу зэрыльхуэзэрыпIым нобэми яIэщ ар - Тхьэм яхуигъэузынщэ.

Езым ихуха и инагъуэмкIи гъуаззэ хуэхъуар и адэ-анэм я щапхъэрэ, абыхэм я зэхущытыкIэ екIупщ, яку дэлъа пщIэмрэ нэмысымрэщ. Хъуэпсэгъуэщ, нэ фыгъуэ зытрамыгъаплъэ жыхуаIэм хуэдэщ Заурбэчрэ Маритэрэ я инагъуэр. Я быниплIри инагъуэ щхьэхуэ хуэжьащ, щытхъу яIэу мэпсэу. Къэзрыльъурыльъурыльхъу блы яIэщи, абыхэм я екъуIпIэныгъэхэм я лъэр жан дэхъуу, я зэфIэкIым нэхъри хагъэхъуэнымкIи зэрахузэфIэкIкIэ зыщIагъакъуэу мэпсэу зэщхьэгъуэсэхэр.

Ди тхыгъэм хъуэхъу кIэщIи щыдгъужьнщ. Заурбэч, уи гъащIэмрэ гугъэмрэ зэтеуэну, фIыуэ щыIэр щохъуIэу Тхьэм уигъэпсэу! ЩIэужькIытэн Іуэхущ Іафэ уи щIыбагъ дэмылъу уопсэри, ар фIыгъуэшхуэщ. А фIыгъуэр уэ уи егугъуныгъэкIэ къэблэжьыжащи, уи гъащIэм хэмыщIу упсэну, уи инагъуэ дахэм куэдрэ уащхьэщытыну ди гуапэщ.

«Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэхэм къабгъэдэкIыу
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд, ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ, ХЬАНШОКЪУЭ Эллэ.

Зэи и къалэмыр игъэтIылъыркъым

● Дифl догъэлъапIэ

1999 гъэм «Адыгэ псалъэм» лэжьэн щыщыщIэздам щыгъуэщ Жыласэ Заур къыщыщIыхуар. Журналист Іэщ Іагъэм сехъуапсэрт, абы сыдихьэхырти, еджапIэ нэхъыщхьэм сызыщIэпрыта Іэнатіэр къэзгъанэри, газетым корреспонденту сыкIуат. Заур и цIэмкIэ, и тхыгъэхэмкIэт зэрысщIыхур, езыр си нэIуасэтэкъым, зэи сльэгъуатэкъым.

ЛЭЖЬАПIЭМ сыщыува махуэм «Адыгэ псалъэ» газетым и унафэщI Къэфlыцlэ Мухьэмэд къыхэжиIащ: «ЖЬыласэ Заур зыщIэс пэшым узгъэкIуэнущ. Ар цIыху зэгъщ, журналист Іэзэщ, сыт и лъэныкъуэкIи къыбдэIэпыкъунущ. Абы и нэIэ ущIэту щIэбдзэмэ, нэхъ тэмэму къызолытэ, куэд къыуигъащIэнущ, лэжьыгъэм ухигъэгъуэзэнущ».

ИкIи тхьэмадэм зэрыжиIам хуэдэу къыщIэкIащ. Си хьэпшып тIэкIур сыигъуу Заур зыщIэс пэшым сыщыкIуэм, зи нэгур зэIуха щIалэр зыпэрыс столым кьыбгъэдэкIри, гуфIэжу къыспежьащ. Газетым политикэмкIэ, хьабарыщIэм, спортымкIэ и къудамэм и редакторт ар а заманым. Сэлам гуапэу къызихри, къыспкърыупщIыхащ, дызэрыщIыхуащ. Абы щыгъуэ Заур и гъусэу пэшым щIэсащ Къамбий Зуфар (и хьэдрыкэ Тхьэм дахэ ищI, щэхьжьгуфынт).

Мис абдеж къыщежьащ Заурэ сэрэ ди зэныбжьэгъугъэр. КуэдкIэ сэбэп къысхуэхъуащ си лэжьыгъэ Іуэхуитэ, журналист Іэщ Іагъэм и щэху куэдым сыщигъэсагъуззащ. Си гум гуапэу къинэжащ, дапхуэдиз упщIэкIэ зыхуэзгъэпсыр, Іэдэбу жэуапхэр къызэрызитар, мыгубжьу, имыльу, къызэрызэпсэльар. И ручкэр игъэтIылъыри, гупсэхуэ си упщIэхэм жэуап къаритыт, сигъэгушхуэрт, зыгуэрэхэр щыIэхъуам дежи, къызгурыIэуэжырт...

Апхэудэхэри зэманыгъэкIуэм, Іэдэбу пэкIуащ щIыхьыщIэхэрэ фIыщIэ тхыпIэхэри. Сэ жьысIэну сызыхуейр нэгъуэщIщ. Фlагъ хуэдэ зыхэлъ щIыхуэ Заур. Ар зэрылэжьакIуэшхуэм нэмыщI, и гуапагъэмкIэ гуэшэф, гушыIэ дахэ зыхэлъ ныбжьэгъуэщ.

Щапхъэ зытепх хъун унагъуэ зэригъэпэщащ абы. И бынхэр балигъ хъури, унагъуэу игъэтIысыжахэщ. Къэзылъхуахэм зыщIапIыкIа хьэл-щэным хуигъэсащ езым и щIэблэри.

Нобэ Заур хуащI пщIэр къилэжьыжащ и дуней тетыкIэмкIэ. И напэ емыплIыжьу зы лъэбакъуэ ичакъым зыхужаIам хуэдэщ.

Нобэрей махуэшхуэм и щхьэусыгъуэ илъэс бжьыгъэм хуэдиз мыхъуу къызолытэ, Заур и тепльэкIи, игукIи куэдкIэ нэхъ щIалэщи.

Уи лэжьыгъэм къуит гукъыдэжкIуэ уи бынхэм я екъулIэныгъэхэм ягъэбагъуэу Тхьэм куэдрэ ди апэ уригъэт. СыткIи уефIэкIуэну си гуапэщ, Заур!

ЩОДЖЭН Иннэ.

Фlагъ куэд зыхэлъ цIыху

Жыласэ зэщхьэгъусэхэм, Зауррэ Маритэрэ, еджапIэр къаухыу, редакцэм япэу къыщыкIуам къыщыщIэдзауэ садэлэжьащ. Абы лъандэрэ илъэс пщIы бжьыгъэ иригъуам, а зэманым Заур дэслъэгъуа хьэлым зыкIи зихъуэжакъым. Ар цIыху зэтетым и нэщэнэщ.

ЛЭЖЬАПIЭ Іэнатіэм зэману щыдгъакIуэр къэплъытэмэ, ди унагъуэм исхэм даззрыхэтым хуэдизкIэ ди лэжьыгъуэми дагъэгъуэзащ. Апхэудэу щыщыткIэ, куэд елъытащ уи лэжьапIэ Іэнатіэм къыщыбгъэдэтым. Заур хуэдэ чанджэщэгъу, унэтIакIуэ уиIэнир насыпышхуэщ. И щIэныгъэкIи, ахъшэ жанагъкIи щапхъэ тхуэзъуэхэм ящыщ ди лэжьыгъуэм и дежи къщIыхьакIэ, зэи жэуапынщэу укъыщIэкIыжыркъым, зэрызыхъэгъэза лъэIур къыщыщIпхуимыщIа къэзъуркъым.

Журналист Іэщ Іагъэм хуеджэ къудейкIэ зэфIэкIыркъым, абы егъэджакIуэ нэсым е актёр щIэрIыуэм яхэлъ хабзэ зэфIэкIым хуэдэ, адыгэм зэрыжиIэу, и лъым хэту къалъхуи хуейщ. Заур езым и хъэтI зиIэж журналистщ, и тхыгъэхэм ущеджкIэ занщIэу кърипцIыхуу. КъэзъуакъщIэжым япхроплIыхури, ар щIэджыкIакIуэм къызэрыгуфIыкIэ зэпкърыхауэ, езыр Іуэхум зэреплъри къигъэлъэгъуэу махуэ.

Заур си щытхъу псалъэ хэзнэкъуэкъым, абы и гуащIэм къыпэкIуащ щIыхьыщIэхэрэ фIыщIэ тхыпIэхэри. Сэ жьысIэну сызыхуейр нэгъуэщIщ. Фlагъ куэд зыхэлъ щIыхуэ Заур. Ар зэрылэжьакIуэшхуэм нэмыщI, и гуапагъэмкIэ гуэшэф, зи псалъэр зыгъэпэжьиф, гушыIэ дахэ зыхэлъ ныбжьэгъуэщ.

Щапхъэ зытепх хъун унагъуэ зэригъэпэщащ абы. И бынхэр балигъ хъури, унагъуэу игъэтIысыжахэщ. Къэзылъхуахэм зыщIапIыкIа хьэл-щэным хуигъэсащ езым и щIэблэри.

Нобэ Заур хуащI пщIэр къилэжьыжащ и дуней тетыкIэмкIэ. И напэ емыплIыжьу зы лъэбакъуэ ичакъым зыхужаIам хуэдэщ.

Нобэрей махуэшхуэм и щхьэусыгъуэ илъэс бжьыгъэм хуэдиз мыхъуу къызолытэ, Заур и тепльэкIи, игукIи куэдкIэ нэхъ щIалэщи.

Уи лэжьыгъэм къуит гукъыдэжкIуэ уи бынхэм я екъулIэныгъэхэм ягъэбагъуэу Тхьэм куэдрэ ди апэ уригъэт. СыткIи уефIэкIуэну си гуапэщ, Заур!

ЩОДЖЭН Иннэ.

Насыпщ абы хуэдэ ныбжьэгъу уиIэныр

Жыласэ я унагъуэр. *2003 гъэ*

хъуKIащ. Пэш щхьэхуэхэм дыщылажьэми, зэман зэрыдгъэуту дызэкIэпыкIуэрт, дызэщIэупщIэрт.

Іуэхум и пэр умыщIэу и кIэр пщIэркъым, жи. Газетым лэжьапIэ сызэрыува хъуам и гугъуи щысщIыну сыхуейт мыбдеж.

ЦIыху хъарзынэ, тхакIуэ Іэзэ, нэхъыжьыфI Хьэх Сэфарбий и фIыгъэщ сэ газетым сызэрыувар, си гур зыхуэпабгъэр Іэнатіэр Іэщ Іагъэ зэрыскъэхъуар, абы щылажьэ гуп зэкъуэтым сызэрыхьыар. Нобэми фIыщIэ мыуфыж хузощI Хьэх Сэфарбий, илъэсищ гъащIэ Тхьэм кърит! Сэфарбий си усэхэр зэрадкъэ редакцэм сыкIуамэ, абы и кIэлындорым сытетт, лэжьыгъэ Іуэхуитэ сыкIэпсэуэнсу.

Журналистхэр Іэщ ІагъэзэгъэкIуэ къэслъытэртэкъым, ахэр кьалэн пыухыкIахэр я пщэ кьрилъхьэу Тхьэшхуэм цIыху цIыкIум кьытхигъэхьа хуэдэу къысщыхьурт. Редакцэм и кIэлындорым дытету, Хьэхым щхъуегъэкIуэрт адыгэ газетым и лэжьакIуэхэр. Мес, мор Брай Адэлбийщ, мор Тэнащ Толэщ, мыр Шал Мухьэмэщ, мис, Ширдий Маринэ, ЖьэкIэмыхъу Маринэ, жиIэурэ Сэфарбий ахэр щызэригъэльагъуэм, си гур кьилъэту сакIэльыплIырт. Абыхэм ящыщт Жыласэр Заури.

Къэзгъэзэжьынщ мыдзкIи, илъэситI ирикъу дызэдэмыслажьауэ Жыласэр КъБР-м ПечатымкIэ и министерствэм и къудамэм и унафэщIу яГъэкIуащ, ауэ абы щхьэкIи дызэфIэкIуэдакъым, дызэкIэлыкIуащ, дызэрыщIащ. ИкIэм-икIэ щIым, министерствэр иджыри Іэщ Іагъэлэ хуей щыхъум, Заур и фIыгъэкIэ сэри абы сыкIуащ.

Жыласэм си дэслъэгъуэхэм щыщщ ар цIыху пэжу, ныбжьэгъуфIу дунейм зэрыстетыр. ЦIыхухэр зыхуэзэрэзым хужаIэ: анэ быдзышэ уГъурлы ефащ. Мис апхэудэщ Заур. ЦIыху зэгъыу, зыхэтхэм, къэзыцIыхуухэм фIыуэ якъалъагъуу, езыри апхэудэу яхуэгугъэпэжу дунейм тетщ ар. Ахъшэ, къулыкъу щхьэкIи къыпхуищIэн щыIэкъым. Фейдэ щхьэкIэ и наIи зытрихьжынкъым, къэзылъхуари игъэукIытэнкъым, езыри и щIэблэм яхуэфащэу зэрыпсэуным хущIэкъу зэпытщ. Хьэ Іуажэкъм хуэдэу, мыпIку зыбгъэдэлъхьэмэ хэкъуэ зиIэхэмрэ якIэщIэльадэу, якIэщIэжьку щыткъым, ныбжьэгъуэм епцIыжьыркъым. Алыхьышхуэм кьырипсэуэ езым иIэмкIэ арэзыуэ дунейм тетщ нобэр хъэщэсым. Абы и адэ и Іуэхур щыщIэкIэ щIэх-щIэхыурэ ущцIэхуэзэхкIэ, щIэхэдэлажьэкIэ (газетыр си еГуанэ Іэнатіэу собж) Іуэхугъуэ куэдым я щхьэфэ уиIэбэн хуей мэхъу. Псом япэу къэрэралым, республикэм ди ноБэм, адыгэм ди псэукIэр зыхуэдэм теухуауэ. И щхьэ течауэ жысIэнщи, Заур и къэухъыр жьжьэ нос - журналистикэм и мызакъуэу, политикэм куууэ хещIыкI, дифIри ди ныкъуэсныгъэри гъэхуауэ, уи фIэщ хъууэ уи пащхьэ къреГьхьэ. Аркъуэдейкъым. А ныкъуэсныгъэр Іэкъуэдэн е гъэмэщIэн папщIэ Іэкъыпхъэ къыпльытэкэри сэтей кьещI.

ЩIыIэщ щIыкIу, и лэжьэгъум, и Іуэнэгъум фIы кьеХъуIэмэ, бжэгъу и нэм кьыщIэуэу. Ди лъэпкъэгъу гуэрым ефI зэхихамэ, псом хуэмыдэу ар спорт Іэхум пыщIамэ, дамэ кьытеKIауэ, кIуэаракъэ, зы фIыгъэшхуэ гуэр кьеуэлIауэ хъыщхуэ Заур. Ди щIалэхэм къэрал, Европэ, дунейпсо утыкум медаль къыщахьауэ къыщIыщIкIэ, ар ЫкIэ щогугъфIыкIри! ФIыуэ къыгуроIуэ апхэудэхэм ди лъэпкъым и пщIэр, и щIыхьыр лъагэу зэраIэтыр.

Илъэс зыкъом ипжкIэ радиом жьыджэру къыщдэлажьэу зэманыфIкIэ къэгъуэгурыкIуауэ Заур. Абы тхьэмахуэм зэ игъэхьэзырырт къэралым, дунейм къыщекIуэкIхэм теуха нэтын - политикэм, экономикэм, социальнэ Іуэхухэм ехьэлIауэ. ФIыуэ соцIэж а нэтынхэр радиом едаIуэжам гунэс ящыхъуу зэрыщытар. ГуфIэгъуэ е гуэзвэгъуэ Іуэхуитэ гупышхуэ сахьхьамэ, а нэтынхэм я гугъу къысхуащIырт.

Пэжщ, газетым и редактор нэхъыщхьэм и къудамэ зэрыхуэрэ Заур итхъэ нэхъ мащIэ хъуащ. Нобэ абы и пщIэ дэлъ къалэныр нэхъ инщ. «Адыгэ псалъэм» и унафэщIым щIыгугъу, газетым и политикэр зыубзыхухэм яхэтщ. Ауэ сэри газетеджэхэми ди гуапэ хъуну кьыщIэкIынт, нэхъыбэ хуэдэу, Іэдакъэ щIэкIамэ.

Заур теуха си тхыгъэ кIэщIыр ныкъуэ хъунт ар къызэрэхъуькIа унагъуэм, езым и унагъуэм и гугъу сымыщIамэ. Абы и адэ Щэлэуат, егъэлеиныгъэ Іэпэкъ хэмылIу жысIэнщи, «бегъымбарщ» хужаIэ хъуну апхэудэт. Егъэлеяуэ цIыху Іэдэбт, зэпIэзэрыттт, жумартт. Си фIэщ хъуркъым абы зи жагъуэ ищIа цIыху дунейм тету. Езы Заур и унагъэращ, «зэмыщIэхьитI зэрихьэлIэжьркъым» жьхуаIэр пэжу къыщIэкIынщ. Зэхуэфащэ дыдэу псэуэгъу зэхуэхъуащ Маритэрэ абыр. Я хьэл-щэнкIэ, я дуней тетыкIэкIэ, я цIыхуфIагъкIэ тIури зэщIыщ. МаритищIэджыкIаIуэхэм фIыуэ яцIыху: абы и тхыгъэ купщIафIэхэр щIэмычуэу къытрадзэ газетым. Псом хуэмыдэу удахьэх Іэнатіэ зэхуэмыдэхэм пщIэрэ щхьэпрэ зиIэу бгъэдэт цIыхухэм (нэхъыбэу егъэджакIуэхэм) ятеухуа и очеркхэм. Тхэн ІуэхукIэ и щхьэгъусэм зы мэскъалкIи ефэгъуэкIыркъым Маритэ. Апхэудэу газетыр зи Іэпэгъухэм яцIыху зэщхьэгъусэхэм я щIалэ нэхъыжь Замири. И адэ-анэм я гъусэу ари щолажьэ «Адыгэ псалъэм».

ЦIыхур къыщалъхуа махуэм и гугъу щащIкIэ и фIыр ягъэбатэу, и щыщIэныгъэхэр щIахьумэу тепсэлъыхь хабзэщ. Ныкъуэсныгъэ гуэри иIэу къыщIэкIынщ Заур, ауэ, пцIыр сыткIэ щхьэпэ, сэ апхэудэ срихьэлIакъым: зэрысабийрэ, илъэс 50-м щIигъуауэ соцIыхури, ифI, и Іуэху дахэ фIэкIа слъэгъуакъым, и Іей зыгуэрым жиIэуи зэжэсхакъым. Зэхэпхын, и адэм и псэуклар и гъуазэу, цIыху хуэдэ цIыхуу дунейм щытеткIэ, езым и щхьэм хуимыгъэфащэр нэгъуэщIым щримыпэскIэ.

Нобэ илъэс 60 ирокъу Заурбэч. «Ярэби, дауэ хьэскIыуэ пIэра а гъэуганэр?» жиIэрэ зэупщIыжу щытмэ, и щхьэр щIиIэтын мыхъумэ, щIрихьэхын щхьэусыгъуэ иIэкъым абы. Ар и гъащIэ гъэзэгуанэм тетщ екIуэр ещхьу - и напэр, адыгагъэр игъэнэхъапэу, фIы щIэным и гур, и псэр хуэзыIуахэ.

Сыт хуэдэ ныбжь имытми, хьэпсапIэ гуэр зимыIэ цIыху щыIэу фIэщхьэгъуейщ. Ди гуапэщ и гум щигъафIэ гуращэ дахэхэр Заур къехъулIэну, и бынхэм къащIэхъуэжа щIэблэм я ехьулIэныгъэхэм иригушхуэу и гъащIэ Іыхьэр иригъэкIыну, езыми и унагъуэми узышIагъэкIэ гукъеуэу ямыIэу дунейм куэдрэ тетыну.

МЫЗ Ахьмэд,
КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист.

«Адыгэ псалъэм» и къуэ

Адыгэ журналист нэхъ Іэкіуэлъакіуэхэм ящыщщ Жыласэ Заурбэч. Дэ ди куэдкъым адыгэбзэми урысыбзэми зэхуэдэу ирилажьэ журналистхэр. Заур апхэудэщ.

НЭХЪАПЭХЭМ «полкым и къуэ» жаIэу зэрыщытам тепщIыхьмэ, «Заур «Адыгэ псалъэм» и къуэщ» псалъэхэр хузбгъэфащэ хъуну кьысфIощI. Сыту жыпIэмэ, дэнэкIэ имыгъэзамэ и гъащIэр, Іуэхур адыгэ газетым пыщIащ. Курыт школыр Къэхъун къыщиуха нэужь, журналистикэм гу хуэзыщIа щIалэм абыкIэ щIэныгъэ щызригъэгъуэтащ Ломоносов М. и цIэр зэрихьэу Москва дэт къэрал университетым. Щеджэ лъэхъэнэмк ар «Ленин гъэзэгу» газетым и редакцэм къыпыщIа зэпыту щытащ, практики ди деж къэкIуэжащ. Къызэриухыуи «Ленин гъэзэгум» лэжьэн щыщIидзащ.

Апэ махуэ дыдэхэм щIалэм зыкъигъэлъэгъуащ зэхэщIыкI зиIэ, щIэныгъэ куу зыбгъэдэль лэжьакIуэу. Зи Іэщ Іагъэр фIыуэ зыльагъэу Заур журналистикэм и дэтхэнэ жанрми хуэзэкIуэхьакIуэщ - жылагъуэ-политическэ Іуэхугъуэхэм теухуа статьяхэм къыщыщIэдзауэ хъыбар кIэщIхэм деж щыщIэтIыкIыжьауэ. Мыхьэнэшхуэ зиIэращи, дэтхэнэ тхыгъэми и гумрэ и псэмрэ хелъхьэ, Іуэхугъуэ нэхъыщхьэмрэ нэхъыкIэмрэ зэхимыгъэзэрыхьу, щIыхухэм нэхъ гу зылъатапхъэхэр сэтей къищIу. Апхэудэу лэжьыгъэм зэрыбгъэдэтым и фIыгъэкIэ, зэман кIэщIым Заур, зыхэт гупым и мызакъуэу, республикэм и журналистхэм я дежи, щIэджыкIакIуэхэм я дежи пщIэрэ щIыхьрэ къыщIихьащ.

Илъэс зыбжанэкIэ «Адыгэ псалъэм» щылэжьа нэужь, Жыласэм къыщалъхуа жылагъуэм игъэзэжьн хуей хъуащ. Ауэ абы щыгъуэми Заур журналистикэр Іэщ Іыб ищIакъым - Аруан щIыналъэ газетым уври, и Іэщ Іагъэм ирилэжьащ. Си гугъэщ «Маяк» газетым щыщIыIа илъэсхэр Заур и зэфIэкIым хигъэхъуэныжькIэ хэзгъэпышхуэ хъуауэ: гъащIэм нэхъ пэгъунэгъу щымытахэр, нэхъыфIу хэгъуэзащ щIыхухэр зыхуэныкъуэ-зыхуэзэ зыкIуэтIэхэм. А лъэхъэнэм «Маяк» газетым тридза тхыгъэхэр абы щыхьэт тохъуэ.

1996 гъэм Жыласэм «Адыгэ псалъэм» къигъэзэжащ икIи Іэнатіэ зэмылIэужьыгъуэхэр иIэу абы щылэжьащ, и тхыгъэ купщIафIэхэмкIэ щIэджыкIакIуэхэм я гурыгъу-гурыщIэр къиIуатэу. И лэжьыгъэфIыр кърагъэльагъуэу Заур къыхуагъэфащащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и журналист» цIэ лъапIэр.

Ди нэIэ тету кьежьа журналистым и унагъуэ Іуэхуэхэми дыщигъуазэщ. Абы и щхьэгъусэ Марити и Іэщ Іагъэкіэ журналистщ, Заур и гъусэу Москва щеджащ, Къэхъун школым и унафэщIым и къудамэу, адыгэбзэмрэ литературэмкIэ екъэджакIуэу илъэс куэдкIэ лэжьащ. Я къуэ нэхъыжь Замири кьыхихар адыгэбзэрщ. Школым къыщыщIэдзащ медаль зыхуагъэфэща щIалэщIэр КъБКъУ-м и адыгэбзэ къудамэм щIэтIысхьэри, ари ахърэзыгъэ къиухащ. Иджыпсту «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэщ. Япхъу Зареми ди анэдэлхубзэрщ Іэщ Іагъэ хуэхъуар - ар егъэджакIуэу Нарткъалэ щолажьэ. Я бын нэхъыщхьэхэу Алимрэ Залинэрэ Іэщ Іагъэ хъарзынэ ирагъэгъуэтащ.

МЭЗЫХЪЭ Борис.
2015 гъэ

Напэр, адыгагъэр егъэнэхъапэ

Зи дуней тетыкIэм фIыуэ ущымыгъуазэ щIыхум ущытепсэльыхьыкIэ зыгуэркIэ къэбгупсысуэ кIэрыплъхьэн хуейуэ къыщыплъыкъуэкI щыIэщ. Ауэ Заурбэч теухуауэ зыгуэр къыщIэзгупсысын щхьэусыгъуэ сиIэкъым. Благъагъкіэ къызэгухьэри, унагъуэ къызэрыукIам щызекIуэ хабзэми, езым и щыфрэнIыфрэр зыхуэдэми мыIейуэ сыщыгъуазэщ.

«АдыГЭ псалъэ» газетым уву и япэ тхыгъэхэр къытрадза нэужь наIуэ хуащ ди журналистикэм, адрейхэм темыхуэу, си хъэтI, зи Іуэху епIыкIкIэ зиIэж макъыщIэ къызэрыхьхьар. Сыт хуэдэ тхыгъэ кьытримыдзэми, ар ирецIыкIу, иренэхъ иныIуэ, ІэхъуэгъуэтегъэкIыу зэи и Іуэхум бгъэдэхьакъым. Псом хуэмыдэу Заур къиГъэщIэрэщIэжащ спортым теухуауэ газетым хухаха пIIанэпэр. Спорт Іуэхум, нэхьыбэу футболым, зэрыхуэнэхъуеиншэр, ар зэригущIагъащIэлыр занщIэу хьэкъ тщыхъащ.

Жыласэм и Іэдакъэщ Іэкіэхэм кIыхьу дытепсэльыхьыкIкIэм, ахэр зыхуэдэр газетджэхэм фIыуэ ящIэ. И дуней тетыкIэм, дэслъагъуэ хьэл-щэным, ди псэукIэ-зэхэтыкIэм теухуауэ и гупсысэхэм ящыщ гуэрхэм дыкьытеувыIэнщ. Журналистикэм уи ГъащIэр щхьэузыхьэ щыхуэпщIкIэ щIэх-щIэхыурэ ущцIэхуэзэхкIэ, щIыхэдзэлажьэкIэ (газетыр си еГуанэ Іэнатіэу собж) Іуэхугъуэ куэдым я щхьэфэ уиIэбэн хуей мэхъу. Псом япэу къэрэралым, республикэм ди ноБэм, адыгэм ди псэукIэр зыхуэдэм теухуауэ. И щхьэ течауэ жысIэнщи, Заур и къэухъыр жьжьэ нос - журналистикэм и мызакъуэу, политикэм куууэ хещIыкI, дифIри ди ныкъуэсныгъэри гъэхуауэ, уи фIэщ хъууэ уи пащхьэ къреГьхьэ. Аркъуэдейкъым. А ныкъуэсныгъэр Іэкіуэдэн е гъэмэщIэн папщIэ Іэкъыпхъэ къыпльытэкэри сэтей кьещI.

ЩIыIэщ щIыкIу, и лэжьэгъум, и Іуэнэгъум фIы кьеХъуIэмэ, бжэгъу и нэм кьыщIэуэу. Ди лъэпкъэгъу гуэрым ефI зэхихамэ, псом хуэмыдэу ар спорт Іэхум пыщIамэ, дамэ кьытеKIауэ, кIуэаракъэ, зы фIыгъэшхуэ гуэр кьеуэлIауэ хъыщхуэ Заур. Ди щIалэхэм къэрал, Европэ, дунейпсо утыкум медаль къыщахьауэ къыщIыщIкIэ, ар ЫкIэ щогугъфIыкIри! ФIыуэ къыгуроIуэ апхэудэхэм ди лъэпкъым и гупсысэхэм я щIэблэ нэхъыщхьэ Заурэ Іей зыгуэрым жиIэуи зэжэсхакъым. Зэхэп

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Зыгъэхъэзырар щ1хъэщэмыщ1 Иэзщ

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

Мэлыл лэпс зэщІэт, тепхъэ и гъусэу

Абы щхьэкІэ мэлылыр яупщІатэ е зэпауд г 80 - 100 хъуэу. Псы щІыІэкІэ ятхьэщІри, шыуаным иралъхьэ. Абы псы щІыІэ щІакІэри, мафІэ инын тету зэ къытрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр къытрахыурэ. МафІэр щабэ ящІ, шыуаныщхьэр трапІэри, лыр ныкъуэвэфІ хъуху ягъавэ, зэззэмызэ тхьэрымбэр къытрахыурэ. ИтІанэ шыгъу хадзэ, зэпэплІимэ цІыкІуурэ упщІэта пхъы, шыбжий дэгу халъхьэ, шыуаныщхьэр трапІэжри, хьэзыр хъуху ягъавэ мафІэ щабэм тету.

Хьэзыр хъуа лэпсым бжьын гъэлыбжьа традзэ, джэдгын хаудэри, шыуаныщхьэр тепІауэ пэшхьэкубгъум деж щагъэт дакъикытху-хы хуэдизкІэ. Лыр лэпсым къыхахри, пІастэ дашх. Лэпс ящам тепхъэ трапхъэри, пщтыру ираф.

Тепхъэ зэращІыр:

Гъэдз хьэжыгъэ ухуэнщІам и кур къратхъури, абы шыгъу зыхэгъэткІухьа псы хуабэ, джэдыкІэ уда иракІэ, тхьэвыр быдэу япщ. Тхьэв пщам и щхьэм хьэжыгъэ традзэри, дакъикъэ тІощІ-тІощІрэ тхуКІэ щагъэт ар нэхъ щабэ хъун щхьэкІэ. Гъэдз хьэжыгъэ зыитуда Іэнэм хьэзыр хъуа тхьэвыр тралъхьэри, хупхъэкІэ яху, и Іуваргьи см 1 - 1,5-рэ хъуэу. А тхьэв хуам тыкъыр цІыкІуу къыпачурэ ІэкІэ хъурейуэ, щІыдэ хуэдизуэрэ, ягъэджэрэз, я Іэм дагъэ щахуэурэ. Пэкъумым хуэдэу тхъуэпІэ хъуху ягъажъ. ЧымчыркІэ къыхахьжурэ шынакъым иракІутэ.

Лэпс зэщІэтым халъхьэхэр (цІыхуитІ ныхъэ): мэлылу - г 600, лыр зэрагъэвэну псыуэ - г 1200-рэ, пхъы укъэбзауэ - г 75-рэ, шыбжий дэгуу - г 100, шыгъуу - узыхуейм хуэ - диз.

Тепхъэр къызыхащІыкІыр: гъэдз хьэжыгъэу - г 500, джэдыкІэу - 2, псыуэ - г 100, шыгъуу - узыхуейм хуэдизу.

Бжьым гъэлыбжьам халъхьэр: бжьыныщхьэу - г 80, тхъууэ - г 100, шыбжий сыр хьэжауэ - узыхуейм хуэдизу.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.

2013 гъэм Мейкъуапэ ялэ дыдэу щызэхэтащ «Адыгэ пщащэ» дунейпсо зэпеуэр. Абы ялэ вице-мисс щыхъуащ «Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондент Щомахуэ Залинэ.

● Псалъэжьхэр

Шынэ здэщымыІэм укІытэ щыІэкъым

♦Зэкъуэш псори зы анэ къилъхуркъым.
♦Къуаргъэр пэт, и шырым «хужь цІыкІэ» йоджэ.
♦Къуэр напщІэщ, пхъур набдзэщ.
♦Малъхъэр хъумэ - къанщ, мыхъумэ - шыдщ.
♦КІапэр къанэри, напэр ящащ.
♦Чэнджэщыфіыр шы-уанэ зэтелъ и уасэщ.
♦ЖызыІэн мыукІытэр ищІэни укІытэркъым.
♦Жэщ къыщытехъуэр и бысымщ.
♦Жыжьэу маплъэ, благъэу мэтІыс.
♦Ерэхъурэ хъунрэ щыІэу уи ней къысщыхуэ.
♦Жьы хъуар гу махэщ.
♦Шынэ здэщымыІэм укІытэ щыІэкъым.
♦ЖьэрыІэзэ Іэпэзадэ.
♦Зыр лІэкІэ адрейм зиІэжьыркъым.
♦ЩІакІуэ нэхърэ уэшх нэхъ благъэщ.
♦Уэгум щызеуэ бгъэшхуэр зы джэдыкІэщ.
♦Джэду хьэжы зыкъэщІ.

● Іуэрыіуатэ

ДжэгуакІуэмрэ и къуэмрэ

Зы къулей гуэрым хьэгъуэлыгъуэ яІэти, Агьнокъуэ Лашэ абы хагъэтыну ираджащ. Агьнокъуэм щалэ цІыкІу иІэт, илъэс зыбгъупщІ нэхъ мыхъууи, ари игъэкІэсри, здэкІуэм здихьащ. ЩІалэ цІыкІум и пхэр шы тхыцІэ гъурым щІиудауэ нэсащ.

- КІуэ мы шыр бом щІэгъэхьи, мэкъу ет! - жиІэри, Агьнокъуэм джэгум, ефэешхэм яхьихьащ.

ЩІалэ цІыкІум шыр шэщым щІишэри, шхуэмылакІэмкІэ шыр кІэщІ дыдэу ирипхщ, мэкъу дыгъэл Іэмбатіэфі шыпхэм деж игъэтІылъри къыщІэкІыжащ. Зы дзэкъэгъуэ Іумыхуауэ, и ныбэ иуэжауэ шыр нэху щцхукІэ шэщым щІэтащ.

ХьэгъуэлІыгъуэр зэфІэкІауэ, нэхущым деж Агьнокъуэр къыдзэкІыжыну унэм къыщІэкІыжащ. Шым шэсыжыну кІуэри, кІэщІу пхъэшыкъум епхауэ, мэкъур псори и пхэмкІэ щылъу щІэтт.

- А ныбэ узым ихьин, мыр мыпхуэдэу щхьэ пщІа?

- ЕсщІа щылэжьам, дадэ, къысхуэгъэгъу! Шыр шхэнымэ, сэ сызытеса лъэныкъым мэкъу естащ, уэ узытеса лъэныкъуэмиептынмэ, ухуитыжт!

Агьнокъуэм и джэгуакІуэныр абдеж щыщигъэтри, и Іэщ1агъэр и къуэм иритауэ жаІэж.

- А хъуджэбзыжь цІыкІур зыдэгушыІэра нэхъапэр?! Адэм жиІэм щІемыдаІуэнур лІо? Иджыпрей щІалэгъуалэр жыІэмыдаІуэщ, я щхьэм кхихьэр ящІэ фІэкІа, нэхъыжьи адэ-ани къаРІэІуэхужьхьым, я псальи зэхахыну хуейкъым... И лъагъуныгъэ кІуэда? ГъащІэм хищІыкІыр сыт адыс?.. И Іэр зэтедзауэ зыгъэпсэун унагъуэ естынущ ар... Адэм и псальэм быныр емыдаІуэж щыхьаР дапщэщу пІэрэ? - Темыркъан и макъыр утІыпщауэ и фІэщу шхыдэрт, и пхъур щІалэ гуэрым дэгушыІэу, нэгъуэщым дэмыкІуэну тхъэ иІуауэ щызэхихам. - Сэ згъэунэхъун и гугъэ? Жьлэр къеХьуапсэу зыгъэпсэунущ зэстынур. Зи пэ зыхуэмылъэщІым къилъхуам хуэгъэпсэуну ар?.. ГъэщІэгъуэн, дэгушыІэмэ?! Іэджэми Іэджэ догушыІэри къонэж. А щІалэм хуэдэ дунейм темыту щхьэ къыщыхьуа?.. «ЛъагъуныгъэІ» жаІэ мыдэ. Лъагъуныгъэм уи ныбэ из ищІыну?

Адэм и шхыдэр пхъум и тхьэкІумэ игъэхьэртэкъым. Жьы къепщэ макъыу къызыфІигъэщІырт. Хьэуэ, Мадинэ адэм и жыІэ емыдаІуэу есауэ аратэкъым. Адэанэм я жыІэ тІу ищІатэкъым игъащІэм. ЖьІэдаІуэ дыдэу къэхуат, ауэ иджы адэм къыпиубыдыр зэхихыну хуейтэкъым. Мадинэ игу ирилъхьам мы зэм пхуебэкъуэнутэкъым, ебакъуэмэ, и гъащІэ псокІэ хуэмыпшынысыкІ щыуагъэ ищІэну къыщІыхьурти. Абы и щІалэр зыхуигъадэ щымыІэу фІыуэ иІэтыгъуат. А тІур зэхуэзэрт, я гухэлъ зэхуаІуатэрт.

Темыркъани цІыху ерыщт, хьэл ткІий иІэу, игу ирилъхьам пхутемыкІыну.

Анэм жиІэшхуэ щыІэтэкъым, здэщІэзэпхъум яку къыздэхуэ къайГъэм зыщидзэ хуэхат. Лым пэуву ар едэуэжыртэкъым, быным зэран хуэхъуныр хуейтэкъым. КъыгурыІуэрт лъагъуныгъэм и къарур зыхуэдэр, фІыуэ умылІагъум зэрыдзэсуэгъуейр. Абы щыгъуэми, гум щыбгъафІэу плъэгъуэщ щытар зэрыпсэур, зыхуэмейм ГъащІэ диухуауэ, бын дигъэтауэ, ахэр игъафІэу плъагъуныр зэрыгугъур къыгурыІуэрт.

Хъаний ар псори ищІэ щхьэкІэ, зыри жимыІэжу зиущэхужат, пхъум жиІэр хуигъэдэхэну щыхуежьэм, и псальэр Темыркъан къызэрыуригуэжрэ.

- Уэ, - жиІат абы щыгъуэ Лыжьым, - узгъэмэжэлІа, пхуэдэм уезгъэхъуэпса? Пшхынрэ щІэтІэгъэнрэ бгъэштакъэ?.. Сыт хуэдэ лъагъуныгъэ нэгъуэщІ узыхуейр?

«ЛъагъуныгъэІ» псальэм къикІыр Хъаний нэхъ къыгурыІуэу къыщІэкІат Темыркъан нэхърэ, ауэ абы и мыхьэнэр къыхугурыгъэІуэкъым ЛІым. ХузыхеГъэщІакъым псэкІэ фІыуэ умылІагъум удэпсэуным нэхърэ нэхъ гугъуехь зэрыщымыІэри апхуэдэм уемызэгъыу узэбгъэдэкІыжьынкІэ зэрыхъунури.

Темыркъан иукъуэдияти яхутекІыртэкъым: «Сэ уэзстынур ПІатІэ и къуэращ. А унагъуэм псэукІэ ящІэ. Я щІапІэр инщ, я Іэщіу къэдщ», - жиІэрти. И пхъур зиритыну щІалэм и хьэлри, и лІыгъэри, езыр зыхуэдэри ищІэртэкъым. ИльагъурУ унагъуэм мыпхукІэ я къулеягъат...

Мадинэ и дэкІуэгъуэт, абы фІэкІмэ «къыдэнэжа» къыфІащыну. И мурадымкІэ и адэр арэзы хъуным гъэпльэурэ зиГъэгуват унэ имыхьэу. Мурати Мадинэ къыпэплъэрт, нэгъуэщІ къимышэу. Аущ, «Гугъэри ГъащІэм щыщщ» зэрыжаІэм щхьэкІэ, Муратрэ Мадинэрэ гугъэ защІэу я ГъащІэр яхьынт, и адэм жиІэм емыдаІуэу, хъыджэбзыр дэкІри лЫ дэкІуат.

- Сэ къыззэмыдаІуа быныр сыпсэуху къыдремыхьэ си пщІантІэм, - жиІэгъат абы щыгъуэ Темыркъан губжьауэ.

«Сыкъэгубжьащ» жыпІэу иужькІэ узыхущІегъуэжьын жыпІэ хъунукъым, гъащІэм узыхуишэнур умыщІэу. Зи жагъуэ къащІа адэр абы егупсысатэкъым. Ауэ пІалъэ гуэр къыхэкІми, зэманым зэтес псори ещІыж, къуэншари, щыуари, лей зытехьари къыщІигъэщІыжу. Темыркъан псэуху пщІантІэм къыдимыгъэхьэну зэхэзыхьжа тхъум псалъэ дыджхэр и жагъуэ мыхъуу къэнакъым. И адэм махуэ къэс къилъагъуу, хуэззу, псалъэ гуауэ къридзу къуажэм дэмысын щхьэкІэ, щаузмрэ нысащІэмрэ къалэм Іэпхъуащ, лэжьапІэ жьагъуэтри, я щхьэ япІыжу псэун щІадзащ.

Мадинэ и адэм зритыну и гугъа щІалэр къыщІэкІатэкъым Темыркъан зэригугъам хуэдэу цІыху зэтету. «Зыгуэрым хуэмыфІ хьэдрыхэ яГъакІуэркъым» - зэрыжаІэу, ар бэлыхьу хэзагъэрт ефэным, къэфэным, фыз къэшэным. Зы ильэсым абы кьиШат фызитІ. ТІури емызэгъыу бгъэдэкІыжат. Къиубла хабзэм дихьэха хуэдэ, зыхилъхьа хьэлым пищащ адэкІи. Апхуэдэ хъыбарыр къуажэдэсхэм псынщІэ дыдэу ялъоІэс, зэхах. Ар зэхимыхыу къэнакъым Темыркъани. «Си хъыджэбз закъуэр зГъэунэхъурти... Унагъуэм я псэукІэм, зэрымыкъулейсызым си нэр къыщипхъуэри, щІалэм и хьэл мыхъумыщІэм гу ІыхьатэкъыМ, - ищІэну щытам щІэщтэжауэ, а Іэхэр къызэремыхъулІам щыгуфІыкІыу егупсысыжат Темыркъан. - «Къэпыщхьэр умытІатэу хьэ илъэр ху илъэр пщІэркъым» жаІэ. Делэу жаІакъым апхуэдэу... Къуажэдэсхэм нэмыплъ къызат хъуащ, си зэранкІэ Мадинэ дэкІуэ жаІэри. Зи быным емызэгъыжа сэ дзыхь хэт къысхуищІын?»

Темыркъан ялэм зэрыщытам хуэдэжтэкъым, зихъуэжат. Ялэм хэлъа хьэл ткІийр дэпльагъужьыртэкъым. Хэпльэрей, тегупсыскІрей хъуат. Іэху гуэр ищІэну къищтамэ, хуэгъэІэкІуэльакІуэртэкъым. Ялэм хуэдэу псори зригъэдаІуэу унафэ хуэщІыжьыртэкъым. Илъэс зыбжанэ хъуат и пхъур зэримылъагъурэ. ПщІантІэм къыдамыгъэхьэну зи унафэ ящІа пхъум и хъыбар къигъэІуртэкъым. Абы и хэщІапІэр Темыркъан къежьэнІэн ирихьэлІатэкъым иджыри къэс. Езыри хэгъэзыхьауэ щІэупщІэфьртэкъым и щхьэ гупсысыжьи...

Илъэситху хъуат Мадинэ пщІантІэм зэрядзкІэр. Гъэмахуэ пщыхьэщхьэ дахэт ныщхьэбэ, адрей блэкІа къэмым едэхэкІрэ жьлІэну. ЩхьэантІатГъэ зэфэззыщкІэ хуэпа жьыгышхуэм и щхьэкІэм ислъэмей щащІу къыщыфІэщыкІэу, жьыбгъэ мащІэм дэхъеи пщІащІэ Іувым зыхагъапщкІуэу, къыхэлъэтыжу, бзу цІыкІухэр жьыгыщхьэм щызэдзджэгурт. И пхъур щысабияр игу къэхьажауэ, бзу уэрэдым щІэдзІукІыу, Темыркъан яхэплъэрт а псэущхьэ цІыкІухэм. Мадинэ щысабиям, и адэм и Іэплім иджэгухьрэ, бзу бзэрабзэхэм я макъым щІэдэІуу къыщыхьащ мы жьыг щІагъым. Абы лъандэрэ илъэс Іэджэ дэкІами, абы щыгъуэ я уэрэд дахэжьІэ адэмрэ бынымрэ тезыгъэуэ щыта бзу дыдэхэрауэ къыщохъу ахэр Темыркъан. ИгъэджэгуУ и Іэплім кхихьэкІа и хъыджэбз закъэрат иджыпсту ар зэгупсысыр. НэгъуэщІ игу къэкІыртэкъым...

Куэбжэм ибгъукІэ къыщыувыІа машинэ псынщІэм къикІри, пщІантІэм къыдыхьауэ Темыркъан къыхуокІуэ зы цІыхухъэр зы цІыхубзрэ. Бзылъхугъэм и Іэблэм тесщ сабий, илъэс и ныбжьыну. Зы щІалэ цІыкІуи я гъусэщ, и джэгуГъуэ, и хъэвэгъуэ дыдэрэ, дунейр фІэгъэщІэгъэную куэдым щІэупщІу.

Анэм зрегъэзэхри, щІалэ цІыкІум еІуащІэу щэхуу жреІэ:

- Жэи, Заур, мо дадэм Іэплім хуэщІ... Ар уэ уи дадэращ.

Заур и нитІыр триубыдэри ялъащ бащым тегъэщІауэ къапльэ лІыжьым иКІи занщІэу щІэпхъащ зи ІитІыр къэшияуэ щыт дадэм хуэжжу.

Темыркъан и Іэплім щІалэ цІыкІур ириубыдарэ, и нэкІущхьэм нэпсхэр къежэхыу яІупльэрт хуэму къыхуэкІуэ цІыкухъумрэ цІыкубзымрэ.

Иджы адэм игу зэгъа хуэдэт бныным и насыпымкІэ.

НЭХУЩ Хьэжпагуэ.

Адэ

Іуэтэж

- А хъуджэбзыжь цІыкІур зыдэгушыІэра нэхъапэр?! Адэм жиІэм щІемыдаІуэнур лІо? Иджыпрей щІалэгъуалэр жыІэмыдаІуэщ, я щхьэм кхихьэр ящІэ фІэкІа, нэхъыжьи адэ-ани къаРІэІуэхужьхьым, я псальи зэхахыну хуейкъым... И лъагъуныгъэ кІуэда? ГъащІэм хищІыкІыр сыт адыс?.. И Іэр зэтедзауэ зыгъэпсэун унагъуэ естынущ ар... Адэм и псальэм быныр емыдаІуэж щыхьаР дапщэщу пІэрэ? - Темыркъан и макъыр утІыпщауэ и фІэщу шхыдэрт, и пхъур щІалэ гуэрым дэгушыІэу, нэгъуэщым дэмыкІуэну тхъэ иІуауэ щызэхихам. - Сэ згъэунэхъун и гугъэ? Жьлэр къеХьуапсэу зыгъэпсэунущ зэстынур. Зи пэ зыхуэмылъэщІым къилъхуам хуэгъэпсэуну ар?.. ГъэщІэгъуэн, дэгушыІэмэ?! Іэджэми Іэджэ догушыІэри къонэж. А щІалэм хуэдэ дунейм темыту щхьэ къыщыхьуа?.. «ЛъагъуныгъэІ» жаІэ мыдэ. ЛъагъуныгъэМ уи ныбэ из ищІыну?

Адэм и шхыдэр пхъум и тхьэкІумэ игъэхьэртэкъым. Жьы къепщэ макъыу къызыфІигъэщІырт. Хьэуэ, Мадинэ адэм и жыІэ емыдаІуэу есауэ аратэкъым. Адэанэм я жыІэ тІу ищІатэкъым игъащІэм. ЖьІэдаІуэ дыдэу къэхуат, ауэ иджы адэм къыпиубыдыр зэхихыну хуейтэкъым. Мадинэ игу ирилъхьам мы зэм пхуебэкъуэнутэкъым, ебакъуэмэ, и гъащІэ псокІэ хуэмыпшынысыкІ щыуагъэ ищІэну къыщІыхьурти. Абы и щІалэр зыхуигъадэ щымыІэу фІыуэ иІэтыгъуат. А тІур зэхуэзэрт, я гухэлъ зэхуаІуатэрт.

Темыркъани цІыху ерыщт, хьэл ткІий иІэу, игу ирилъхьам пхутемыкІыну.

Анэм жиІэшхуэ щыІэтэкъым, здэщІэзэпхъум яку къыздэхуэ къайГъэм зыщидзэ хуэхат. Лым пэуву ар едэуэжыртэкъым, быным зэран хуэхъуныр хуейтэкъым. КъыгурыІуэрт лъагъуныгъэм и къарур зыхуэдэр, фІыуэ умылІагъум зэрыдзэсуэгъуейр. Абы щыгъуэми, гум щыбгъафІэу плъэгъуэщ щытар зэрыпсэур, зыхуэмейм ГъащІэ диухуауэ, бын дигъэтауэ, ахэр игъафІэу плъагъуныр зэрыгугъур къыгурыІуэрт.

Хъаний ар псори ищІэ щхьэкІэ, зыри жимыІэжу зиущэхужат, пхъум жиІэр хуигъэдэхэну щыхуежьэм, и псальэр Темыркъан къызэрыуригуэжрэ.

- Уэ, - жиІат абы щыгъуэ Лыжьым, - узгъэмэжэлІа, пхуэдэм уезгъэхъуэпса? Пшхынрэ щІэтІэгъэнрэ бгъэштакъэ?.. Сыт хуэдэ лъагъуныгъэ нэгъуэщІ узыхуейр?

«ЛъагъуныгъэІ» псальэм къикІыр Хъаний нэхъ къыгурыІуэу къыщІэкІат Темыркъан нэхърэ, ауэ абы и мыхьэнэр къыхугурыгъэІуэкъым ЛІым. ХузыхеГъэщІакъым псэкІэ фІыуэ умылІагъум удэпсэуным нэхърэ нэхъ гугъуехь зэрыщымыІэри апхуэдэм уемызэгъыу узэбгъэдэкІыжьынкІэ зэрыхъунури.

Темыркъан иукъуэдияти яхутекІыртэкъым: «Сэ уэзстынур ПІатІэ и къуэращ. А унагъуэм псэукІэ ящІэ. Я щІапІэр инщ, я Іэщіу къэдщ», - жиІэрти. И пхъур зиритыну щІалэм и хьэлри, и лІыгъэри, езыр зыхуэдэри ищІэртэкъым. ИльагъурУ унагъуэм мыпхукІэ я къулеягъат...

Мадинэ и дэкІуэгъуэт, абы фІэкІмэ «къыдэнэжа» къыфІащыну. И мурадымкІэ и адэр арэзы хъуным Іэплъэурэ зиГъэгуват унэ имыхьэу. Мурати Мадинэ къыпэплъэрт, нэгъуэщІ къимышэу. Аущ, «Гугъэри ГъащІэм щыщщ» зэрыжаІэм щхьэкІэ, Муратрэ Мадинэрэ гугъэ защІэу я ГъащІэр яхьынт, и адэм жиІэм емыдаІуэу, хъыджэбзыр дэкІри лЫ дэкІуат.

- Сэ къыззэмыдаІуа быныр сыпсэуху къыдремыхьэ си пщІантІэм, - жиІэгъат абы щыгъуэ Темыркъан губжьауэ.

«Сыкъэгубжьащ» жыпІэу иужькІэ узыхущІегъуэжьын жыпІэ хъунукъым, гъащІэм узыхуишэнур умыщІэу. Зи жагъуэ къащІа адэр абы егупсысатэкъым. Ауэ пІалъэ гуэр къыхэкІми, зэманым зэтес псори ещІыж, къуэншари, щыуари, лей зытехьари къыщІигъэщІыжу. Темыркъан псэуху пщІантІэм къыдимыгъэхьэну зэхэзыхьжа тхъум псалъэ дыджхэр и жагъуэ мыхъуу къэнакъым. И адэм махуэ къэс къилъагъуу, хуэззу, псалъэ гуауэ къридзу къуажэм дэмысын щхьэкІэ, щаузмрэ нысащІэмрэ къалэм Іэпхъуащ, лэжьапІэ жьагъуэтри, я щхьэ япІыжу псэун щІадзащ.

Мадинэ и адэм зритыну и гугъа щІалэр къыщІэкІатэкъым Темыркъан зэригугъам хуэдэу цІыху зэтету. «Зыгуэрым хуэмыфІ хьэдрыхэ яГъакІуэркъым» - зэрыжаІэу, ар бэлыхьу хэзагъэрт ефэным, къэфэным, фыз къэшэным. Зы ильэсым абы кьиШат фызитІ. ТІури емызэгъыу бгъэдэкІыжат. Къиубла хабзэм дихьэха хуэдэ, зыхилъхьа хьэлым пищащ адэкІи. Апхуэдэ хъыбарыр къуажэдэсхэм псынщІэ дыдэу ялъоІэс, зэхах. Ар зэхимыхыу къэнакъым Темыркъани. «Си хъыджэбз закъуэр зГъэунэхъурти... Унагъуэм я псэукІэм, зэрымыкъулейсызым си нэр къыщипхъуэри, щІалэм и хьэл мыхъумыщІэм гу ІыхьатэкъыМ, - ищІэну щытам щІэщтэжауэ, а Іэхэр къызэремыхъулІам щыгуфІыкІыу егупсысыжат Темыркъан. - «Къэпыщхьэр умытІатэу хьэ илъэр ху илъэр пщІэркъым» жаІэ. Делэу жаІакъым апхуэдэу... Къуажэдэсхэм нэмыплъ къызат хъуащ, си зэранкІэ Мадинэ дэкІуэ жаІэри. Зи быным емызэгъыжа сэ дзыхь хэт къысхуищІын?»

Темыркъан ялэм зэрыщытам хуэдэжтэкъым, зихъуэжат. Ялэм хэлъа хьэл ткІийр дэпльагъужьыртэкъым. Хэпльэрей, тегупсыскІрей хъуат. Іэху гуэр ищІэну къищтамэ, хуэгъэІэкІуэльакІуэртэкъым. Ялэм хуэдэу псори зригъэдаІуэу унафэ хуэщІыжьыртэкъым. Илъэс зыбжанэ хъуат и пхъур зэримылъагъурэ. ПщІантІэм къыдамыгъэхьэну зи унафэ ящІа пхъум и хъыбар къигъэІуртэкъым. Абы и хэщІапІэр Темыркъан къежьэнІэн ирихьэлІатэкъым иджыри къэс. Езыри хэгъэзыхьауэ щІэупщІэфьртэкъым и щхьэ гупсысыжьи...

Илъэситху хъуат Мадинэ пщІантІэм зэрядзкІэр. Гъэмахуэ пщыхьэщхьэ дахэт ныщхьэбэ, адрей блэкІа къэмым едэхэкІрэ жьлІэну. ЩхьэантІатГъэ зэфэззыщкІэ хуэпа жьыгышхуэм и щхьэкІэм ислъэмей щащІу къыщІыфІэщыкІэу, жьыбгъэ мащІэм дэхъеи пщІащІэ Іувым зыхагъапщкІуэу, къыхэлъэтыжу, бзу цІыкІухэр жьыгыщхьэм щызэдзджэгурт. И пхъур щысабияр игу къэхьажауэ, бзу уэрэдым щІэдзІукІыу, Темыркъан яхэплъэрт а псэущхьэ цІыкІухэм. Мадинэ щысабиям, и адэм и Іэплім иджэгухьрэ, бзу бзэрабзэхэм я макъым щІэдэІуу къыщыхьащ мы жьыг щІагъым. Абы лъандэрэ илъэс Іэджэ дэкІами, абы щыгъуэ я уэрэд дахэжьІэ адэмрэ бынымрэ тезыгъэуэ щыта бзу дыдэхэрауэ къыщохъу ахэр Темыркъан. ИгъэджэгуУ и Іэплім къихьэкІа и хъыджэбз закъэрат иджыпсту ар зэгупсысыр. НэгъуэщІ игу къэкІыртэкъым...

Куэбжэм ибгъукІэ къыщыувыІа машинэ псынщІэм къикІри, пщІантІэм къыдыхьауэ Темыркъан къыхуокІуэ зы цІыхухъэр зы цІыхубзрэ. Бзылъхугъэм и Іэблэм тесщ сабий, илъэс и ныбжьыну. Зы щІалэ цІыкІуи я гъусэщ, и джэгуГъуэ, и хъэвэгъуэ дыдэрэ, дунейр фІэгъэщІэгъэную куэдым щІэупщІу.

Анэм зрегъэзэхри, щІалэ цІыкІум еІуащІэу щэхуу жреІэ:

- Жэи, Заур, мо дадэм Іэплім хуэщІ... Ар уэ уи дадэращ.

Заур и нитІыр триубыдэри ялъащ бащым тегъэщІауэ къапльэ лІыжьым иКІи занщІэу щІэпхъащ зи ІитІыр къэшияуэ щыт дадэм хуэжжу.

Темыркъан и Іэплім щІалэ цІыкІур ириубыдарэ, и нэкІущхьэм нэпсхэр къежэхыу яІупльэрт хуэму къыхуэкІуэ цІыкухъумрэ цІыкубзымрэ.

Иджы адэм игу зэгъа хуэдэт бныным и насыпымкІэ.

НЭХУЩ Хьэжпагуэ.

● Псалъэзэблэдз

Псалъэзэблэдз

ЕкІуэкІыу: **1**. Пхъэщхьэмыщхьэ. **3**. Щхьэусыгъуэгуэрхэм къыхэкІыу жьлэр зыбгъынауэ зызыгъэпщкІу цІыху. **7**. Удз: уеІуэсэм, укъисынщ. **8**. ЗекІуапІэ гъэзгум ... къутахуэ телъщ. **10**. ГъэшхэкІ. **11**. Хьэщэпэщ къахахэр: пхыру зэкІуэщІыпхарэ самэшхуэу зэтелъхьауэ. **14**. Адыгэ композитор цІэрыІуэ. **15**. Бжэ Іуахам и ... макъ къэІуащ. **18**. Хъуэхъуэм хэту щыжаІэ щыІэщ: «Уи быным я ... Тхъэм уимыгъэлъагъу!» **20**. Хьэкум иль сахуэ. **21**. ... ... лъагъуэ зэхуаІэщ. **22**. Бжьэхуэцым къыхэкІыкІа щэкІ Іув. **27**. Зи мурадым зи Іэр лъэзыгъэІэс цІыху. **28**. Нартхэм я гъуэкІэ. **32**. Шэми шхуми ... **33**. Фочым, кІэрахъуэм щыщ Іыхьэ, шэр зыутІыпщ. **34**. Зи ныбжьыр хэкІуэта цІыхухъу. **37**. Сымаджэр къанэри ... лІащ. **38**. Мыщэ и къуэ ... **39**. Джанэм ... инащ.

Къехьу: **1**. Зи лъэгур пхъэм къыхэщІыкІа пасэрей вакъэ. **2**. КъуийцІыкІу бзаджагъэкІэ къигъэІурыщІа домбей. **4**. ... и пІэ ... къокІэж. **5**. Къэбэрдей усакІуэ, журналист, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ ... Арсен. **6**. МышхумпІэ къызыпыкІэжыг. **9**. Бгым и бгъуэщІ. **11**. Нэмэз ... **12**. Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь ... Алий. **13**. Адыгэ театрым и джэгуакІуэ телъыджэу щыта, РСФСР-м и цІыхубэ артист. **16**. Блэм и бзэгу. **17**. ЕджапІэ пщІантІэм сабийхэр щызэрызохьэ, ... къэпщІауэ. **19**. ЦІыку Іэп, жьІэмыдаІуэ, гущІэгъэнщ. **23**. ... хэтІэсамэ, пхуэгъэхъужьыркъым. **24**. ТхъуцІынэ щІэпхумэ, ар къонэ. **25**. Унэм щигъэззащІэн хуейуэ, еджакІуэм ... къратащ. **26**. «Пщы» зыфІэпщым «...» къыпфІещ. **29**. Фэм псы дищІэу къэшырыба. **30**. ЩІымахуэм щІыпІэ хуабэм лъэтэж къуалэбзу, къуаргъ лъэпкъым щыщу. **31**. Яхуэмылажьэ бжьэхъуІапІащэ. **35**. ПащІэ Бэчмырзэ и псальэхэр зыщІэлъ уэрэд цІэрыІуэ « ... Мурат». **36**. Нащэр ... хъуамэ, пхуэшхыжькъым.

Зэхэзыльхьар **МЫЗ Ахьмэдщ.**



ЩэкІуэгъуэм и 28-м дэ газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **1**. Ибэ. **3**. Умэ. **5**. Щыкъу. **8**. Хьэм. **9**. Ныбаблэ. **10**. Кьэнэж. **11**. КІырпэ. **12**. Пщы. **13**. ХьэмкІэ. **15**. Дзасэжь. **19**. Щэ. **20**. Псынабэ. **21**. Хъуп. **22**. Къэшэж. **23**. КъыпщІэ. **24**. ШкІэ. **26**. Бзий. **28**. Дерт. **31**. Андэгурэ. **32**. Къат. **33**. ПэкІу. **34**. Къру. **35**. Гъуэз.

Къехьу: **2**. Бащтъыкъ. **4**. Мамхэгъ. **6**. Кьунан. **7**. Бабыщ. **8**. Хьэсы. **13**. Хьэщыкъ. **14**. КІапсэ. **16**. Апэсы. **17**. Жьапщэ. **18**. Анэ. **25**. КІэрэф. **26**. Балъкъэр. **27**. Инат. **29**. Есэп. **30**. ТхьэкІумэ.

● Іуэрыіуатэ

ДжэгуакІуэмрэ и къуэмрэ

Зы къулей гуэрым хьэгъуэлыгъуэ яІэти, Агьнокъуэ Лашэ абы хагъэтыну ираджащ. Агьнокъуэм щалэ цІыкІу иІэт, илъэс зыбгъупщІ нэхъ мыхъууи, ари игъэкІэсри, здэкІуэм здихьащ. ЩІалэ цІыкІум и пхэр шы тхыцІэ гъурым щІиудауэ нэсащ.

- КІуэ мы шыр бом щІэгъэхьи, мэкъу ет! - жиІэри, Агьнокъуэм джэгум, ефэешхэм яхьихьащ.

ЩІалэ цІыкІум шыр шэщым щІишэри, шхуэмылакІэмкІэ шыр кІэщІ дыдэу ирипхщ, мэкъу дыгъэл Іэмбатіэфі шыпхэм деж игъэтІылъри къыщІэкІыжащ. Зы дзэкъэгъуэ Іумыхуауэ, и ныбэ иуэжауэ шыр нэху щцхукІэ шэщым щІэтащ.

ХьэгъуэлІыгъуэр зэфІэкІауэ, нэхущым деж Агьнокъуэр къыдзэкІыжыну унэм къыщІэкІыжащ. Шым шэсыжыну кІуэри, кІэщІу пхъэшыкъум епхауэ, мэкъур псори и пхэмкІэ щылъу щІэтт.

- А ныбэ узым ихьин, мыр мыпхуэдэу щхьэ пщІа?

- ЕсщІа щылэжьам, дадэ, къысхуэгъэгъу! Шыр шхэнымэ, сэ сызытеса лъэныкъым мэкъу естащ, уэ узытеса лъэныкъуэмиептынмэ, ухуитыжт!

Агьнокъуэм и джэгуакІуэныр абдеж щыщигъэтри, и Іэщ1агъэр и къуэм иритауэ жаІэж.

● Тхыгъэ кІэщІхэр

И лъабжьэр гъужащ

Мыізрысей хадзэм щыхасэну къаХьат жыгыщІэ. Ар зылъагъуэхэм жаІэрт: «Мыр хуабжьу жыгыфІ зыгуэрщ къыщІэкІынщ. Фелпльт, и ныбжькІэ щІалэмэ, езым хуэдэхэм къахьэщыкІыну, лъэдий гъумщ, къудамэбзщ».

Мыізрысей нэхъ лъагэхэм, лъэщІабгъуэхэм ящІащ зым пэгъунэгъуу цІыхасащ жыгыщІэр. Абы псынщІэу зиужьырт: кІуэ пэтми нэхъ лъагэ хъурт, и къудамэхэм къахэхъуэрт. Апхуэдэу екІуэкІыуэрэ, ар, зыпэгъунэгъу лъэщІабгъуэм ехьэехуэ фІэкІа умыщІэну, жыгышхуэ хъуащ. Ар лъэщІабгъуэм игу ирихьакъым, къэгузэващ: «Мыр куэд мыщІэу къыслъэщІыхьэпэнщ, сэ нэхърэ нэхъ лъагэ, нэхъ екІу хъунущ, ар зыпЪагъу адрей жыгхэм сэ сыкърадзэжьнуКъым. Си фІэщ хъуркъым мыр си пІэ иуэну щІэмыкъуу. АтІэ сыт ар къэхъуным сыщІыпэплъэр?! Абы иджыпстукІэ сыпэлъэщІынущ, хэмытІасэ щыкІэ езгъэуухынщ си ГъунэгъунЫр!»

Арати, лъ